ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

№52 (24.802) • 2025 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 29, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

ЩытыкIэм щегъэгъуазэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Iуэху-кIэ къэкIуащ УФ-м и Президентым и полно-мочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Чайкэ Юрийрэ тепсэлъыхьащ щIыналъэм щыIэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэм, нэхъ зыубгъуауэ и гугъу ящIащ лъэпкъ проектыщIэхэр зэрагъэзащIэнум. Мы гъэм а Iуэхум хухахащ сом меларди 9, абы щыщу сом меларди 6,8-р федеральнэ бюджетым къыхэкIынущ.

Япэхэми хуэдэу, гулъытэ нэхъ зыхуэщIыпхъэу къонэж социальнэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыныр. ДызыхуэкIуэ илъэсищым, лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэ зэхуэмыдэхэмрэ хыхьэу, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжыну я мурадщ школу 72-рэ, сабий саду 17, курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт еджапIэу 7. КъищынэмыщIауэ, сабий саду 8 яухуэнущ. ФокIадэ мазэм къызэIуахынущ школыщIэу 10. Апхуэдэу къапэщытщ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и IуэхущIапIэу 21-рэ, щэнхабзэмрэ спортымрэ я объекти 10 яухуэну икIи зэрагъэпэщыжыну.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъур гъэлъэпIэным зэрызыхуагъэхьэзырыр. КIуэкIуэ Казбек УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэр щигъэгъуэзащ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр хэту ирагъэкIуэкIыну махуэшхуэ зэхыхьэхэр къызэрызэрагъэпэщым.

Республикэм и Iэтащхьэм Чайкэ Юрий фIыщIэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэреблэгъам икIи щIыналъэм гулъытэ къызэрыхуищIым папщIэ.

Зэкъуэтыныгъэрщ къару хъур

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий хэтащ езыр зи унафэщI аппаратым и дэIэпыкъуныгъэкIэ Налшык щызэхаша, «Къару хъур зэкъуэтыныгъэрщ» зыфIаща, Кавказ Ищхъэрэм япэу щрагъэкIуэкI, лъэпкъ джэгукIэхэмрэ спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ студент фестивалыр къыщызэIуаха дауэдапщэм.

ЧАЙКЭ Юрий и гъусащ Осетие Ищхъэрэ-Аланием и Iэтащхьэ Меняйлэ Сергей, Шэшэным и Правительствэм и УнафэщI, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Баширов Усман, дин лэжьакIуэхэр.

КИФЩI-м щыщ, Донецк, Луганск республикэхэм, Запорожье, Херсон областхэм къикIа щIалэгъуалэр щэ бжыгъэкIэ къекIуэлIащ фестивалым, псори зэхэту цIыху мин 1,2-м щIигъуу. Абыхэм фIэхъупс псалъэкIэ зыхуагъэзащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Чернышенкэ Дмитрийрэ спортымкIэ министр Дегтярёв Михаилрэ.

Зэхьэзэхуэм и япэ махуэм спортсменхэр унэтIыныгъиплIкIэ зэпеуащ: мывэ дзынымкIэ, IэпщэзэпекъумкIэ, атлетикэ псынщIэмкIэ, кIапсэ зэпекъумкIэ, шабзэкIэ нэщанэ еуэнымкIэ, пкъом дэпщеинымкIэ, бэнэнымкIэ, къинэмыщIхэмкIэ.

Фестивалым и гъусэу къызэIуахащ «ТекIуэныгъэр зэи тщыгъупщэнукъым: илъэс 80» гъэлъэгъуэныгъэр. Абдежым лъэпкъ IэпщIэлъапщIагъым и дамыгъэхэр утыку къыщрахьащ, хэкупсэ гурыщIэр къэзыгъэуш дзэ Iэмэпсымэхэри къыщрагъэувэкIащ.

Зэхьэзэхуэм хэтхэм защыхуигъазэм, Чайкэ Юрий жиIащ: «Фестивалым и цIэр - «Къару хъур зэкъуэтыныгъэрщ» - псалъэхэр ауэ сытми къыхахакъым. Дэ куэд дэмыкIыу дгъэлъэпIэнущ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъу махуэшхуэу ди къэралым мыхьэнэшхуэ зритыр. Абы и пщIэр фронтми тылми псэемыблэжу щызэбгъурыта лъэпкъ куэдым къыхэкIахэм къалэжьащ, Кавказ Ищхъэрэм щыщхэри яхэту. Псори зэбгъурыту бийм пэщIэтащ, Хэкур яхъумэн папщIэ. Нобэ лIыгъэ яхэлъу дзэ Iуэху хэхам щыIэхэри апхуэдэ дыдэу хахуэу я къалэным бгъэдэтщ. Урысейм и къару нэхъыщхьэр дэ псори дызэрызэкъуэтырщ».

«Зэныбжьэгъугъэ-2025»-р гуфIэгъуэкIэ зэхуащIыж

«Акрополь» хьэщIэщым щызэхуащIыжащ илъэс зыбжанэ хъуауэ ди щIыналъэм щекIуэкI «Зэныбжьэгъугъэ» Iуэхум и зи чэзу Iыхьэр. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм.

ЗЭХЫХЬЭР ирагъэкIуэкIащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Енин Евгенийрэ.

«Зэныбжьэгъугъэ-2025» Iуэхум хэта щIалэхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ хьэщIэщым щызэхуэсат. Апхуэдэу абы ирагъэблэгъат щIыналъэм и министерствэхэм, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIхэр, республикэм и къуажэхэмрэ къалэхэмрэ я Iэтащхьэхэр, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр.

ХьэщIагъэ хабзэр къагъэщIэрэщIэжын, нэхъ гъунэгъуу зэрыцIыхун, лъэпкъхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэр ягъэбыдэн папщIэ хьэщIапIэ щыIа щIалэхэмрэ ахэр езыгъэблэгъа бысымхэмрэ утыкум чэзууэ ирашащ, я махуэхэр зэрагъэкIуам трагъэпсэлъыхьыну, Iуэхум хэтахэр ягъэлъэпIэну.

Бысымхэм фIыщIэ хуащIащ къахуеблэгъа щIалэхэр я деж щыIэм хуэдэу зэрагъэхьэщIам, гулъытэ зэрыхуащIам, апхуэдэу къуажэ, унагъуэ хамэхэм дзыхь зыщIу зи бын хьэщIапIэ зыгъэкIуа, жэуаплыныгъэ ин зыпылъ Iуэху дахэм хэта дэтхэнэми.

ХьэщIапIэ щыIа щIалэхэр тепсэлъыхьыжащ бысымхэр гуапэу къазэрыIущIам, гукъинэжу зэрагъэхьэщIам, я махуэхэр щIэщыгъуэу, нэгузыужьу зэрагъэкIуам, «Зэныбжьэгъугъэ» Iуэхур ягу зэрыдыхьам. НыбжьыщIэхэр зэрыцIыхуащ, курыт еджапIэм зэгъусэу кIуащ, унагъуэ Iуэхухэр зэдащIащ, бысымхэм я гъащIэр, хабзэхэр, лъэпкъ шхыныгъуэхэр зыхуэдэр зрагъэщIащ, загъэпсэхуащ, дяпэкIи зэрыгъэныбжьэгъуну, зэкIэлъыкIуэну, жып телефонкIэ зэрыщIэну зэрамурадри къыхагъэщащ.

Зэхыхьэм хэта щIалэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ иратащ, Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм къабгъэдэкIыу.

- Iуэхум хэта унагъуэхэм я пщэрылъхэр ягъэзэщIэныр къайхъулIащ. Дауи, тыншкъым умыцIыху унагъуэм уи бын хьэщIапIэ бгъэкIуэну. Бысымхэри елIэлIащ щIалэхэр екIуу зэрагъэхьэщIэным, - жиIащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкIэ и министр КIурашын Анзор. – ФIыщIэшхуэ фхузощI республикэм щекIуэкI Iуэхум къыпэджэжа, абы хэта дэтхэнэ зы унагъуэми. Лъэпкъхэр дызэкъуэзычыну зи мурадхэм мыпхуэдэ IэмалкIи дапэщIэтыфынущ! ФIыщIэ лей хуэсщIыну сыхуейщ илъэс еплIанэ хъуауэ мы Iуэхум жыджэру хэт, Хьэбэз къуажэм щыщ Кайгермазовхэ я унагъуэм. Iуэхум зэдыхэта щIалэхэр курыт еджапIэ нэужьым зы еджапIэ зэгъусэу зэрыщIэтIысхьам и щапхъэхэр диIэщ. Ар и щыхьэтщ мы лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм.

- Ди адэжьхэм къытхуагъэна, щIэблэр зыщIапIыкIыу къекIуэкI, ди лъапIэныгъэхэм щыщу къалъытэ хьэщIагъэ хабзэ дахэр зи лъабжьэ мы зэхыхьэр къызэзыгъэпэща министерствэм фIыщIэ хуэфащэщ. Хабзэм идэртэкъым хьэщIэр щежьэжынумкIэ уеупщIыну, ар емыкIуу къалъытэрт. Ди республикэм и къуажэхэмрэ къалэхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр нэхъ куу, быдэ зэрыхъум укIэлъыплъыну гуапэщ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий. – Хабзэ дахэр къэгъэщIэрэщIэжыным хэта унагъуэхэр Тхьэм фигъэпсэу! Лъэпкъхэр дызэкъуэзыгъэувэ хабзэхэр адэкIи дывгъэхъумэ! Ди щIыналъэм щыпсэухэм я мызакъуэу, лъэпкъ 200-м нэблагъэ зэрыс ди къэралми мы Iуэхум гъуэгу щигъуэтамэ фIыт. ДяпэкIи фызэрылъытэ, фызэрыIыгъ, фызэкIэлъыкIуэ!

Iуэхум хэта адэ-анэхэм ар къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ хуащIащ, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным зэрыщхьэпэм папщIэ.

Пшыхь гуапэр ягъэдэхащ Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Бэрэгъун Мариannэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Теппеев Алим, КъБКъУ-м лъэпкъ къафэхэмкIэ щапхъэу къалъыта «Къафэ» ансамблым, эстрадэ къафэхэмкIэ щапхъэу къалъыта «Арабеск» ансамблым, къафэхэмкIэ щапхъэу къалъыта «Насып» ансамблым я артистхэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъум и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъуу гъэувын **ЩоджэнцIыкIу Мурат Лиуан и къуэр**.
2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м
№47-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрым и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министру гъэувын **Быф Аскэр Анатолий и къуэр**.
2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м
№48-УГ

Къэралпсо зэпеуэр ди деж щокIуэкI

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щыIащ «Джэдыкъуэ Плъыжь» шы-спорт комплексым, Урысейм и Кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIым. Абы хэтщ Москва, Санкт-Петербург къалэхэм, Адыгейм, Дагъыстэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къырымым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Ленинград, Пензэ, Липецк областхэм, Беларусь Республикэм, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм щыщ спортсменищэм нэблагъэ.

ШЫГЪАЖЭ кIыхьхэмкIэ Урысейпсо зэхьэзэхуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым иджы ещанэрэ щокIуэкI. Мы гъэм абы и къызэгъэпэщакIуэщ Урысейм Шы спортымкIэ и федерацэр, Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэр, «Отрада» шы-спорт клубыр. Зэхьэзэхуэхэр йокIуэкI километр 20, 40, 80, 100, 120-рэ, 160-рэ хъу гъуэгуанэхэр зэпычынымкIэ.

Республикэм и Iэтащхьэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ икIи ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэ къэблэгъамкIэ ехъуэхъуащ хьэщIэхэм, шыгъажэр зыфIэфIхэм, зэпеуэхэм хэтхэм, абыхэм ядэщIхэм, апхуэдэуи зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэхэр щаIэну, Къэбэрдей-Балъкъэрыр фIыкIэ ягу къинэжыну зэригуапэр къыхигъэщащ.

Къызэхуэсахэм захуигъазэу, КIуэкIуэ Казбек жиIащ:

- Мыр шы спортым и унэтIыныгъэщIэщ, ди зэманым нэхъ къекIуу щытщ. Сэ шэч къытесхьэркъым нобэрей зэпеуэр шы спортым зегъэужьыным зэрыхуэщхьэпэнум. Дэ ди лъым хэтщ ар – шы спортыр, а псэущхьэ дахэр фIыуэ долъагъу. Мы зэпеуэр апхуэдэуи сэбэп хуэхъунущ ди щIалэгъуалэр спортым къыхэшэным, республикэм ифI зыхэлъхэм хуэлэжьэнущ.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэр апхуэдэуи къытеувыIащ махуэшхуэ къытпэплъэхэм:

- Иджыпсту едгъэкIуэкI Iуэху псори теухуащ Хэку зауэшхуэм ди къэралым къыщихьа ТекIуэныгъэ Иным. Дэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым а зэманым екIуэкIахэр икIи ди тхыдэр тхъумэн хуейщ. Хамэ къэралхэми, къуэкIыпIэмкIэ щыIэ дызымыгъэныбжьэгъухэми сыт хуэдизкIэ нэгъуэщI зыгуэрхэм трагъэчыныхьми, дыщагъэуэну хэтми – сэ си адэшхуэхэр хэтащ а зауэм! Сэ абыхэм къысхуаIуэтэжауэ фIы дыдэу сощIэ а зауэм щытекIуар хэтми. Совет цIыхубэрщ фашизмэм и пщэгурыгъыр зэрызудар! Дэ ди къалэнщ абы и пэжыпIэр къытщIэхъуэ щIэблэм яжетIэжыну. Абы гулъытэ хэха щIыхуэсщIыр мыращ – дэ тщыщ зыми игу къэкIынтэкъым фашизмэм и щхьэр аргуэру къиIэтыжыну икIи ди къуэшхэм, ди адэхэм аргуэру Iэщэ къащтэу абы пэувын хуей хъуну, дуней псор абы щахъумэн хуейуэ къахудэкIыну. Дэ ди мурадхэр зыхуэгъэзар зыщ, лIыхъужьыгъэр, щIыхьыр, къэралыр ди зэхуэдэ лъапIэныгъэхэщ, шэчи къытесхьэркъым - а зэпэщIэтыныгъэм дэ дыщытекIуэнущ!

Зыкъыщагъэлъэгъуэнущ Iуащхьэмахуэ лъапэ

Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм, метр 5642 зи лъагагъ Iуащхьэмахуэ деж накъыгъэм и 2 - 8-хэм щызэхэтынущ бгыщхьэ спортымкIэ XVI фестивалым и зы Iыхьэу щыт #RedFoxElbrusRace 2025 зэхьэзэхуэр. ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум папщIэ зэхаубла а зэпеуэм хэтынущ дзэмрэ гуп хэхахэмрэ къулыкъу щызыщIэхэр. А хъыбарымкIэ и телеграм каналым цIыхухэм щадэгуэшащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

IУАЩХЬЭМАХУЭ лъапэр Урысейм щынэхъ лъагэ дыдэ бгылъэ щIыпIэхэм язщ, Кавказыр зыхъумахэм я фэеплъ мыкIуэдыжыну тхыдэм къыхэнауэ. ТекIуэныгъэм и Кубокым папщIэ зэпеуэнухэм Iэмал яIэнущ Iуащхьэмахуэ и щыгум лъэрыжэхэр къыщагъэщхьэпэ «ски-альпинизм» IэмалымкIэ дэкIыу, я къару здынэсым еплъыжыну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ абыхэм я IэщIагъэм щаIэ зэфIэкIым хагъэхъуэнущ, я къалэнхэр бгыщхьэми щахуэгъэзащIэу зрагъэсэнущ.

ТекIуэныгъэм и Кубокым папщIэ зэхьэзэхуэм и программэм хэтынущ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа ски-альпинизмэмрэ псынщIагъ къыщагъэлъэгъуэн хуей скайраннингымрэ:

- ски-альпинизмэмкIэ зэпеуэ щхьэхуэ;
- километр 2450-3450-м нэс щыдэкIыну зэпеуэр;
- зэпеуэ нэхъыщхьэр: Iуащхьэмахуэ и КъухьэпIэ джабэм нэхъ псынщIэу дэкIыныр.

Зэхьэзэхуэхэм хэтынухэм иджыри Iэмал яIэнущ Iуащхьэмахуэ лъапэр зыхъума лIыхъужьхэм хуагъэува фэеплъхэм еплъыну. Кавказым и дамыгъэу къалъытэ, метр 5642-рэ зи лъагагъ бгым удэкIыныр езыр лIыхъужьыгъэм, хахуагъэм, лIыгъэм я нэщэнэщ.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Iуащхьэмахуэ лъапэм лIыгъэ щызезыхьа сэлэт-альпинистхэм я фэеплъу, ТекIуэныгъэм и Кубокым и цIэр зезыхьэ зэпеуэр зи гугъу тщIы фестивалым хабзэ хъуауэ сыт щыгъуи хагъэхьэ.

● ЩIДАА

Сурэтхэр Къарей Элинэ трихащ.

Нобэ дымыщIэмэ, пщэдей дыхущIегъуэжынущ

Адыгэбзэм къыхэпшэхъуа хамэ псалъэхэр ди анэдэлъхубзэмкIэ зэдзэкIыным епха Iуэхугъуэ зэIумыбзхэм теухуа зэIущIэ мэлыжьыхьым и 22-м иригъэкIуэкIащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием. Абы щызэхуэсат КъБКъУ-м, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым, КъБР-м ЕгъэджакIуэхэм я IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ зэпымыууэ щыхагъахъуэ и центрым я щIэныгъэлIхэр, «Адыгэ псалъэ» газетымрэ «Нур» журналымрэ я редактор нэхъыщхьэхэр, телевидениемрэ радиомрэ адыгэбзэкIэ нэтынхэр щызыгъэхьэзыр журналистхэр.

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ икIи хьэщIэхэм пэублэ псалъэкIэ захуигъэзащ ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий. Абы къыхигъэщащ лIэщIыгъуэ псокIэ узэIэбэкIыжмэ ди бзэм къыхэгъуэща хъуа псалъэхэр адыгэбзэкIэ зэдзэкIыным епха зэгурымыIуэныгъэхэр куэд щIауэ къызэрыгъуэгурыкIуэр: язынықъуэ щIэныгъэлIхэм адыгэбзэр зэрагъэкъэбзэжыным яужь иту псори зэрадзэкI, дуней псом къыщызэдащта фIэщыгъэхэм я телъхьэу адрейхэм зэдзэкIар къащтэркъым.

- СызэрыщыгъуазэмкIэ, мы Iуэхугъуэмкiэ комиссэ щхьэхуэ щыIащ 1960 гъэхэм. ИужьыIуэкIэ ар къызэрагъэпэщыжыну иужь итащ, ауэ абы и унафэ яхуэмыщIу нобэм къэсащ. Псори дызыгъэгузавэ, гулъытэншэу къэбгъанэ мыхъуну Iуэхугъуэщ дызэхуэзэзышэсари, нобэ хэкIыпIэ гуэр къытхуэгъуэтамэ фIыт. Абы зэIущIэ щхьэхуэ хузэхэшэн зэрыхуейр къыдгурыIуэри, академием и президиумым къыхилъхьащ мы Iуэхур, - жиIащ Щхьэгъэпсом.

Зэ IуплъэгъуэкIэ анэдэлъхубзэм зезыгъэужь, ауэ хамэбзэу щыт терминхэр язынықъуэ журналистхэмрэ бзэм и лэжьакIуэхэмрэ адыгэбзэм «зэрыхапхъэнкIыкIым», абыкIэ зэрымыарэзым теухуауэ къэпсэлъащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор БакIуу Хъанджэрий.

- Анэдэлъхубзэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ теухуауэ VII дунейпсо зэIущIэу 2025 гъэм мазаем и 20-21-хэм едгъэкIуэкIам мы Iуэхугъуэр къыщытIэтыну дигу илъат, ауэ лъабжьэшхуэ зэриIэр, зы щIэныгъэлIым и къэпсэлъэныгъэ къудей мыхъуу, убгъуауэ тепсэлъыхьын зэрыхуейр къыдгурыIуэри, дгъэIэпхъуащ. Адыгэбзэм ирилажьэ щIэныгъэлI, журналист нэхъ пажэхэр ди зэIущIэм къетшэлIащи, мы Iуэхугъуэм унафэ гуэр нобэ игъуэтыну сыщогугъ. Сыту жыпIэмэ, илъэси 100 ипэкIэ ди бзэм къыхэпшэхъуа хамэ псалъэхэм цIыхубэр есащи, ахэр адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ я пащхьэ щиплъхьэкIэ, адыгэбзэкIэ дунейм къытехьэ газетхэм, журналхэм къыщытехуэкIэ, школ программэм щыхагъэхьэкIэ щIэджыкIакIуэхэми еджакIуэхэми къатохьэлъэ. Псалъэм папщIэ, илъэс 20 хъуащ мазэцIэхэр адыгэбзэкIэ зэрадзэкIыу, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэм ахэр жыджэру къызэрагъэсэбэпрэ. Ауэ цIыхухэм къахуэщтакъым, я гум яхуиубыдэркъым. Абы и закъуэкъым: адыгэ щыпсэу щIыналъэ къэс езым я жыIэкIэ яIэжщи, дызэтехуэркъым журналистхэм щхьэзыфIэфIу зэрадзэкIыурэ ягъэкIуэдыну зи ужь ихьа псалъэхэм ящыщщ «районыр», «пенсэр», «машинэ рулыр», «футболыр», хамэ щIыналъэхэм къыщыкI, адыгэм зэи имыцIыхуа, цIэи зыфIимыща пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ псэущхьэхэмрэ. Мыхэр зэрадзэкIыну яужь йохьэри, «куей», «гуфIапщIэ», «гъэзалъэ», «лъэтоп», «матэтоп», «топзэхуэдз» жаIэурэ, ди бзэр зыхуэмей псалъэхэр къыхалъхьэ. АбыкIэ жэуапыр зи пщэ къыдэхуэхэм ящыщщ Тыркум щалъхуауэ хэкум къекIуэлIэжа ди лъэпкъэгъухэу тыркубзэм къыхэкIа жыIэгъуэхэр къытхуэзыхьхэр. ЩыIэщ «интернациональнэ терминхэр», зэбдзэкI мыхъуну псалъэхэр. КъищынэмыщIауэ, адыгэ щыпсэу республикищым зэтехуэу къэдгъэсэбэп терминхэмрэ зэтемыхуэу адыгэбзэм кърагъэзэгъахэмрэ сэтей къэщIауэ, тхылъ щхьэхуэ къыдэгъэкIыпхъэщ. ТхьэкIумэм «къеныкъуэкъу» жыIэкIэхэм ящыщщ унэцIэм «хэ» кIэух пагъэувэурэ зэрыжаIэри. Апхуэдэу бзэм уриджэгу хъунукъым, - жиIащ щIэныгъэлIым.

Адыгэбзэм елэжь псори зыгъэпIейтей Iуэхум хуиту тепсэлъыхьащ зэIущIэм кърихьэлIахэр. Апхуэдэу, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор БищIо Борис и гугъу ищIащ иджырей адыгэбзэр зыдж щIэныгъэм къигъэсэбэп терминхэмрэ ахэр зэдзэкIыным и мыхьэнэмрэ.

- Адыгэбзэр щыдджкIэ къэдгъэсэбэп бзэ щIэныгъэ терминхэм «фIэщыгъэцIэ» фIэтщри, тхылъ щхьэхуэу къыдэдгъэкIыжащ. Апхуэдэ фIэщыгъэхэр дэтхэнэ лъэпкъми иIэщ, езым и бзэкIэ къигъэщIыжауэ. АбыкIэ дэ, адыгэхэр, сытым къыхэкIами, ди гъунэгъухэм дакъыкIэрыхуащ. Адыгэбзэми зэфIэкI иIэщ, ягъэзащIэ къалэныр, къарыкI мыхьэнэр имыгъэкIуэду апхуэдэ псалъэхэр къигъэщIыну. Ар нэIурыт тщIауэ ди гугъэщ зи гугъу сщIа лэжьыгъэмкIэ. Ди бзэр къабзэу щытын щхьэкIэ, мыпхуэдэ фIэщыгъэхэри диIэн зэрыхуейр адыгэбзэм и къэкIуэным иригузавэ псоми къагурыIуэ. Ауэ анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэр тогузэвыхь псалъэщIэ куэд хэдгъэхьэмэ, арыншами сабийхэм къегугъуэкI тхылъхэм ахэр нэхъри Iуигъэщтынк Iэ. Ауэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм хуабжьу къагъэсэбэп икIи абыхэм нэхъ къащтауэ жыпIэ хъунущ адыгэбзэкIэ зэдзэкIа филологие терминхэр. Сыту жыпIэмэ, абыхэм адыгэбзэр зэрагъэщIэн папщIэ, япэщIыкIэ урысыбзэкIэ тха фIэщыгъэр зыгурагъэIуэн хуейт нэхъапэм. Иджыпсту анэдэлъхубзэ къабзэкIэ я пащхьэ иплъхьэ тхыгъэр нэхъ тыншу къагуроIуэ. Ауэ, мыпхуэдэ терминхэр щызэддзэкIым деж, ди гъунэгъу щIыналъэхэм щыпсэу адыгэхэм ечэнджэщын, зэхуэдэу псоми къызэдэщтэн хуейщ, армыхъумэ, ар щыхупIэу лъэпкъым ди зэхуаку къыдэувэнкIэ мэхъу, - гу лъитащ БищIом.

Борис къыхигъэщащ адыгэбзэр щIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэмкIэ е егъэджакIуэхэм я закъуэкIэ хъума зэрымыхъунур. Унагъуэр иримыпсалъэмэ, къытщIэхъуэ щIэблэм и анэдэлъхубзэр зэхимыхмэ, имыщIэмэ, Iуэхур зэрымыкIуэтэнур.

ЩIэныгъэлIым а гупсысэр диIыгъыу къэпсэлъащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м ЕгъэджакIуэхэм я IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ зэпымыууэ щыхагъахъуэ и центрым и унафэщI, ЩIДАА-м тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Къэжэр Артур.

- Бзэм дыщытепсэлъыхьым деж тхыдэр лъэныкъуэ едгъэз хъунукъым. Сыту жыпIэмэ, зи тхыдэм фIыуэ щыгъуазэм бзэм и мыхьэнэр зыхимыщIэнкIэ, абы пщIэ хуимыщIынкIэ Iэмал иIэкъым. Илъэси 10 хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, Налшык и уэрамхэм адыгэбзэ щызэхэпхыртэкъым. Нобэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, уэрамхэми къалэ автобусхэми анэдэлъхубзэ къабзэр хуиту щоIу. Ауэ абы и лъабжьэм девгъэIэбыхмэ, къэтхутэнур нэгъуэщIщ. Иужьрей илъэсхэм муслъымэн диным хуабжьу зыщиубгъуащ ди щIыналъэм икIи фIэщхъуныгъэ куу зыбгъэдэлъхэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, адыгэ хабзэри щэнхабзэри лъэныкъуэ ирагъэзащ, ауэ уэрамым щызэхэтх адыгэбзэм ирипсалъэр дызытепсэлъыхь щIалэгъуалэращ. Абыхэм я фIэщхъуныгъэмкIэ, къэзыгъэщIам къаIурилъхьа бзэмрэ хьэрыпыбзэмрэщ япэ ирагъэщыр. НэгъуэщI гуэрми гу лъыстащ... Дэ адыгэу дызэджэж щхьэкIэ, дуней псом дыкъызэрыщацIыхур «черкес» фIэщыгъэрщ. А псалъитIым пыщIауэ къыддекIуэкI зэгурыIуэныгъэми зыгуэр къыхуэгупсысын хуейуэ къызолъытэ.

КъищынэмыщIауэ, адыгагъэр глобализацэм тIэщIимыхын папщIэ, IуэрыIуатэм, щэнхабзэм, эпосым, адыгэм и пасэрей тхыдэм, хабзэм щытепсэлъыхь лекторий жыхуаIэм хуэдэ къызэгъэпэщын, щIалэгъуалэр абы щIэгъэджыкIын, щIэпIыкIын хуейщ, - жиIащ Къэжэрым.

«Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэ Аброкъуэ Беллэ псалъэ щратам жиIащ журналистхэр зэрагъэкъуаншэ щхьэзыфIэфIыныгъэр (абыкIэ хуит къамыщIауэ, урыс фIэщыгъэхэр адыгэбзэкIэ зэрызрадзэкIым) Iэмалыншагъэм къызэрыхэкIар:

- Терминологием и Iуэхум гуныкъуэгъуэшхуэ къыдет бзэм ирилажьэхэм. Абы папщIэ къэпщытакIуэ гуп хэха дызэримыIэм къыхэкIыу нобэ адыгэбзэкIэ къыдэкI газетхэм, журналхэм, телевиденэм, радиом щылажьэ дэтхэнэми щхьэж и тхьэ къызэрихькIэ дызрихьэлIэ терминхэр зыдодзэкIри, гъащIэм хыдогъэхьэ. Адыгэбзэр зыгъэлэжьэну къызылъыс журналистхэм сэ сащыщщи, псалъэщIэ къахузолъыхъуэ сабийхэм я гъащIэм къыхыхьа Iэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ, хамэбзэр щахузэздзэкIкIэ. Псалъэм папщIэ, кисточкэм фIэсща «чымпэлэр» зигу дэмыхьэн щыIэщ, ауэ къыздэIэпыкъунщ симыIэри, нобэ мыбдеж дызэхуэзышэса ди щIэныгъэлIхэм терминологием и гуп къызэвгъэпэщыну хуабжьу сыфщогугъ. Пэжщ, ди тхыбзэри адыгэбзэм ехьэлIа щIэныгъэри щIалэщ, ар гунэсу нэджыса хъупакъым. Аращ адыгэбзэм зигу хуэуз дэтхэнэми зыгуэр къихутэну, ар иригъэфIэкIуэну щIыхэтыр. Ар лъэпхъащэу хуожьэри, илъэсищэ ипэкIэ адыгэбзэм и гъащIэм къыхыхьэу езым ей хъуа псалъэр хиудыжыну яужь йохьэ. Ар езы бзэм Iэпыхужа псалъэ гуэркIэ зэрехъуэкIыж. Бзэр езыр губзыгъэщ, псалъэщIэр хуеймэ къищтэнщ, хуэмеймэ - зыIэпигъэхужынщ. Арыншэми пкъылIэ хъуауэ нобэрей ди гъащIэм пэмыбзэрэбзэж бзэм аргуэру допщэфыIэ: мыр арабизму пIэрэт, хьэмэрэ тюркизмэ жаIэу, щIалэгъуалэм къэдгъэхъур къагурымыIуэу гуитI-щхьитI хъуүэ, - жиIащ абы.

Гугъэзагъэу къэпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и лIыкIуэхэу филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Къардэн Мусэдинрэ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и доцент УнэлIокъуэ Вячеславрэ.

- Беллэ зэрыжиIащи, журналистхэм бзэр кхъузанэм щIыщIагъэкIыр Iэмалыншагъэм ирехулIэри аращ. АбыкIэ жэуап зыхь, унафэ къыщащтэ комиссэ диIэкъыми, аращ зэгурымыIуэныгъэ псори къызыхэкIыр. Къэжэр Артур жиIэр пэжщ – тхыбзэмрэ тхыдэмрэ зэкIэрыпч мыхъуну зэпылъщи, абы гулъытэ хуэтщIу, лэжьыгъэр дубзыхурэ зытедублатэмэ, адыгэбзэм и Iуэхур кIуэтэнут. Адыгэбзэр куущ, къулейщ, лъабжьэшхуэ зиIэщ, уеблэмэ нобэр къыздэсым зи мыхьэнэ къыдгурымыIуа псалъэ куэд нарт эпосым хэтщ. Псалъэм папщIэ, щIалэ ес жыхуиIэм «есым» къикIыр наIуэкъым. Апхуэдэ щапхъэ куэди къэтхьыфынущ. «Район» псалъэм гулъытэ хэха худощI нобэрей зэIущIэми, абыи и жэуапыр лъэпкъ щэнхабзэм нэхъ къулеигъэшхуэ дыдэу иIэ IуэрыIуатэм щыдгъуэтынущ. Абы куэдрэ къокIуэ «къуэ» псалъэр, зы аузым дэс жылагъуэхэр нобэкIэ район жыхуэтIэ мыхьэнэр щIэлъу къызэщIригъэубыдэу. «Сменщик» псалъэри адыгэбзэкIэ дегъэцIыхуж эпосым: «Гуэргуэныжьым кхъуахъуэзэблэкI къысхуэвгъакIуэ», - жиIэу дрохьэлIэ. Щхьэ ахэр къэдгъэсэбэп мыхъурэ, бзэм щыхэткIэ?! БищIо Борис зи гугъу ищIа терминхэм теухуауэ... Апхуэдэ лэжьыгъэр дунейм къытехьэн ипэ къихуэу, студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ ягъэунэхун хуейщ. Пэж дыдэу, филологием къыщыдгъэсэбэп терминхэр зэдзэкIауэ еджакIуэхэмрэ студентхэмрэ я пащхьэ щиплъхьэм деж зэуэ къахуэщтэркъым, къатохьэлъэ. Ауэ щыхъукIэ, бзэм ахэр хуэм-хуэмурэ, дыхуэсакъыу хэдгъэхьэн хуейуэ аращ. Зыщыдгъэгъупщи хъунукъым, цIыхум уеупщIрэ, хэплъэ-хэдэ Iуэхум къыхэкIмэ, бзэр и пIэ зэримыкIынур. Аращи, къэрал унафэм демыбакъуэу, цIыхуми закъытедмыгъэхьэлъэу, Iуэхури и пIэм имыуджыхьу адыгэбзэр дгъэкъэбзэжын хуейщ. ИкIэмикIэжым псори зи пщэ къыдэхуэжыр егъэджакIуэхэрщ, гъэсакIуэхэрщ. Ауэ щыхъукIэ, сурэтыщIхэр, уэрэджыIакIуэхэр, политикхэр еджакIуэхэм къахуегъэблагъэурэ, адыгэбзэкIэ зэгъэпсэлъэн хуейщ, цIыху цIэрыIуэхэм я анэдэлъхубзэр зэрагъэбзэрабзэр зэхахын, абыхэм щапхъэ трахын папщIэ. ЗэдзэкIауэ утыку къитхьэ псалъэщIэхэр къэзыпщытэ комиссэ дызэрыхуэныкъуэм шэч хэлъкъым, ауэ ар цIыхум яхэтхьэн и пэ къихуэу, опробацэ щIын зэрыхуейри зыщывмыгъэгъупщэ, - жиIащ Мусэдин.

Филологие терминологиехэр адыгэбзэкIэ зэдзэкIыным пыщIа псалъэмакъхэр 1993 гъэ лъандэрэ къызэрыгъуэгурыкIуэми, алъандэрэ унафэ пыухыкIа зэримыгъуэтами тепсэлъыхьащ УнэлIокъуэ Вячеслав. Абы зэрыжиIамкIэ, адыгэбзэр жыджэру гъэкъэбзэжыныр къыщежьар тхакIуэ, усакIуэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ щыта Iутыж Борис дежщ. А лэжьыгъэм пищащ икIи псалъэ шэрыуэ куэд бзэм къыхигъэхьэжащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу куэдрэ лэжьа, ЩIДАА-м и вице-президент ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

- «Адыгэ псалъэ» газетым къыхилъхьа псалъэхэмкIэ сыарэзыщ икIи къызощтэ. Сыт и уасэ псалъэзэблэдз (кроссворд), щIыуэпс (природа, экология), нэгъуэщI псалъэхэри! Си жагъуэ хъур нэгъуэщIщ - ди кафедрэм и лэжьакIуэхэри, институтым и щIэныгъэлIхэри, журналистхэри дызэтехуэркъым. Псалъэм папщIэ, ажэгъуэмэм щхьэкIэ уэсхэкIыкI жаIэу зэхэсхащ. Ауэ ар пэжкъым. Ажэгъуэмэр подснежникщ, уэсхэкIыкIыр абы ипэжкIэ къэкI удзщ. Апхуэдэу, шейтIанIэпэм щхьэкIэ нартыдзэ щыжытIи щыIэщ. «Солнечный город» еджапIэм дыщытепсэлъыхькIэ, хэт «ДыгъапIэ къалэ», хэти «Дыгъэпс къалэу» етх. Арами, хьэкъыр зыщ - журналистхэм гуузлыуз яIэщи аращ мы Iуэхум щIелIалIэр. ИкIи абы папщIэ фIыщIэ яхуэфащэщ. Ди гъунэгъу республикэхэр къапщтэмэ, шэшэнхэм яIэщ дызытепсэлъыхь комиссэм хуэдэ, щIыналъэм и Iэтащхьэм и нэIэ щIэту. Ахэр мэхасэри, я бзэм зы хамэбзэ къыхэмыхьэн хуэдэу зэрадзэкI, унафэм Iэ щIадзыжри, апхуэдэ щIыкIэкIэ я бзэр яхъумэ. Дэри диIапхъэщ къэпщытакIуэ гуп. Нобэ ар дымыщIэмэ, пщэдей дызыхущIегъуэжыну Iуэхущ, - жиIащ УнэлIокъуэм.

Псори зытелэжьэж, къэкIуэну зэманым хэпсэукIыну щIэблэм адыгэбзэ гъэкъэбзэжар къызэращтэмрэ зэраIурылъымрэ, къэпщытакIуэ гупыр къызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхугъуэхэм, газетым щызэрадзэкI псалъэхэр зэраубзыхум теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ «Адыгэ псалъэм» газетым и щIэныгъэ обозреватель, ХьэтIокъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ «Адыгэбзэ Хасэм» и тхьэмадэ Табыщ Мурат.

- Сэ журналисту зыкъызолъытэжри, абы и лъэныкъуэкIэ сытепсэлъыхьынщ мы Iуэхум. Махуэ къэсыхукIэ дунейм къыщекIуэкIым ущытетхыхькIэ, зэи дызылъэмыIэса, дызримыхьэлIа гуэрхэр адыгэбзэм къидгъэтIэсэн хуейуэ дрехулIэ. Псалъэм папщIэ, СВО-р адыгэбзэкIэ зэддзэкIын хуей хъуати, «дзэ Iуэху хэха» жытIэри, газетым и лэжьакIуэхэр абы арэзы дызэтехъуащ. СызэреплъымкIэ, СВО-м и къалэн дыдэр къеIуатэ адыгэбзэм къидгъэтIэса фIэщыгъэм. Абы къыщыувыIэркъым, куэд мэхъу зэддзэкIыр. Ди щхьэм къищхьэрыуэракъым ттхыр, гу лъывэзгъэтэнущи. Бзэм дриджэгуу къытхуэзымыдэну нэхъыжьхэр къызэрытщхьэщытри къыдгуроIуэж. Ди редакцэр къапщтэмэ, къандзэгум ещхьщи, дохасэ, дызочэнджэщ, демыгупсысауэ, къытедгъэзэжурэ къэдмыпщытэжауэ зыри утыку къитхьэркъым. Хэт дигъэкъуаншэми, адыгэбзэр зэредгъэфIэкIуэн Iуэхущ зетхуэр. Псалъэщ Iэ бзэм къыхэмыхьэнкIэ Iэмал иIэкъым. «Щэнхабзэ», «щIэнгъуазэ», «щэнгъасэ» псалъэхэр, псалъэм папщIэ, лъэ быдэкIэ бзэм хэувэри, абыхэм псалъэ къатепщIыкIыжу хуежьащ. Иджы къэдвгъащтэ Хьэкъун Барэсбий, Щхьэгъэпсо Сэфарбий сымэ я псалъалъэхэри, сыт хуэдиз псалъэ, адыгэм яIурымылъу къыдагъэцIыхужар! Ар къулеигъэкъэ, дызыхуэныкъуэкъэ?! АтIэ, мазэ 12-м я адыгэцIэр хэт зэран зыхуэхъур? Курыт еджапIэм щIэсхэм махуэ къэс къагъэсэбэп ар. Пэжщ, ди ныбжьым итхэмрэ нэхъыжьхэмрэ ямыщIэнкIэ хъунщ, совет зэманым халъхуащи. Ауэ, ди ужь итым мазэ 12-м я адыгэцIэхэр зымыцIыхуу зы сабий срихьэлIакъым, 1-нэ классым щегъэжьауэ ирагъэщIащи. Илъэс 13 мэхъу «Адыгэбзэ Хасэр» зэрыщыIэри, мащIэми-куэдми, сабий мини 120-рэ едгъэджащ. Апхуэдиз сабиймрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ уащыдэлажьэкIэ, «Адыгэ псалъэ» газетым еджэмрэ-емыджэмрэ уолъагъу, я псалъэкIэм тепщIыхьмэ. Ди газетым итыр зэрызэIэпахымрэ зэрыщIаджыкIымрэ наIуэ къыщохъу адыгэбзэмрэ литературэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджакIуэу исыр ватсапым щызэхэтша гупым щыхэпсэлъыхьым деж. Гу зылъыстаращи, бзэм езым зехъумэж, зегъэкъэбзэж, зыхуейр къегъанэри, зыхуэмейр лъэныкъуэ ирегъэз. Къэрал IуэхущIапIэхэмрэ еджапIэхэмрэ я цIэр адыгэбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, урысыбзэкIи тетхауэ щытын хуейуэ Хабзэм къегъэувври, ахэр яхузэрадзэкIыну япэу зэжэлIар «Адыгэ псалъэ», «Зэман» газетхэрщ. КъБКъУ-ми Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтми, уапэмылъэщын жыхуаIэм хуэдэу, лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI. Ар зы мащIэкIэ бгъэцIыкIу хъунукъым. Ауэ, абы ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм практикэ мыхьэнэ езытыр, псэ яIузыгъакIэр, гъуэгу ирити гъащIэм хэзыпщэр журналистхэращи, ахэр бгъэкъуаншэ мыхъуну, я лэжьыгъэм пщIэ хуэщIын хуейуэ къызолъытэ, икIи Аброкъуэ Беллэ жиIамкIэ сыарэзыщ: цIыхум IэпкълъэпкъкIэ 12 зэриIэм хуэдэу, бзэми езым и Iэпкълъэпкъ гуэр иIэжу къыщIэкIынущ. Къеузыр ещIэри, абы и хущхъуэгъуэр езым зрехьэлIэж. А мазэцIэ дыдэхэри имыгъуэу щытамэ, щIэблэм къиштэнутэкъым, - жиIащ Табыщым.

Абы жиIам къыпищэу, зэIущIэм къыщыпсэлъащ «Адыгэ псалъэ газетым» и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м хэт корреспондент, тхакIуэ Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ.

- Илъэс бжыгъэ хъуауэ къекIуэкI, псалъэмакъ куэд зыпыщIа Iуэхугъуэщ дызыхуэзышэсар. Абы иригузавэ щIэныгъэлIхэмрэ журналистхэмрэ зэхуашэсыну жэрдэм зыщIа ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и унафэщIхэм фIыщIэ лей яхуэфащэщ. Акъыл зэхэдзэм лъэпкъым къыхуэщхьэпэн унафэ пыухыкIа гуэрхэр къырикIуэну дыгугъэнщ. Иужьрей зэманым интернетым ущрохьэлIэ хэлъэт зиIэ щIалэгъуалэм пхъэщхьэмыщхьэ гуэрхэм я цIэр адыгэбзэкIэ зэрадзэкIыу, утыку кърахьауэ. Абыхэм я гукъыдэжыр яIэщIэбуд хъунукъым, къызэрыслъытэмкIэ. Апхуэдэ зэфIэкI зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэращ ди Iуэхум къыпызыщэнури, щIэныгъэм тегъэщIауэ дунэтIыну къыттохуэ. Зи гугъу сщIы пхъэщхьэмыщхьэхэм я адыгэцIэу кърахьэкIыр «Адыгэ псалъэм» къатщтэркъым, икIи къыщыдгъэсэбэпыркъым. Сыту жыпIэмэ, адыгэм имыцIыхум, зэи имылъэгъуам адыгэбзэкIэ цIэ зэримыIэр къыдгуроIуэ. А гупсысэрщ гъуазэ тхуэхъур зыгуэрхэр щызэддзэкIым деж. Адыгэм зэи имыгъэкIа, имыцIыхуа ананасым, бананым, мангом и цIэр зэрихъуэкIын хуейкъым. Ауэ игъащIэ лъандэрэ хы ФIыцIэ Iуфэм къыщыкI гранатым, кивим, мандариным, дауи, ди япэ итахэр зыгуэру еджэу щытагъэнущи, мис ахэр къэтIэщIыжыпхъэщ, - жиIащ Анфисэ.

Бзэм къигъэсэбэп терминхэм, радиомрэ телевиденэмрэ къыщагъэсэбэп фIэщыгъэхэм пыщIа гугъуехьхэм, адыгэбзэмрэ къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ зэхуэмыдэу къыщагъэсэбэп псалъэхэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и редактор Джэриджэ Арсен, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Жылэтеж Хьэмысмел, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ къудамэм и редактор нэхъыщхьэ Тэтрокъуэ Астемыр, «1-КъБР» каналым адыгэбзэкIэ нэтынхэр игъэхьэзыру щылажьэ Щоджэн Лаурэ, КъБР-м ЕгъэджакIуэхэм я IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ зэпымыууэ щыхагъахъуэ и центрым и лэжьакIуэ Щоджэн Iэминат, Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №4-м и пэщIэдзэ классхэр адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъаджэ Уэркъуасэ Ирэ, ЩIДАА-м къыдигъэкI журналым жэуап зыхь и секретарь Лосэн ФатIимэ.

ЗэIущIэм хэта псоми жаIар къызэщIикъуэжу къэпсэлъащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч.

- Псори дызыхуэныкъуэ Iуэхущ нобэ къетхьэжьари, абы и къызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ яхуэсщIынут. Псом япэрауэ, къыхэзгъэщынущ, утыку къитхьэ псалъэщIэхэр фIыуэ дегупсысауэ, дызэчэнджэщауэ, зэпэлъытауэ газетым зэрыдгъакIуэр. КъищынэмыщIауэ, псалъалъэу алъандэрэ къыдагъэкIар ди пащхьэ илъщи, ахэр къыдогъэсэбэп. Быдэу къыдгуроIуэ газетым утыку кърихьэ псалъэщIэр журналхэми, радиоми, телевиденэми, егъэджакIуэхэми, адрейхэми къызэращтэнур. Аращи, дызыхуосакъ. КъищынэмыщIауэ, дыщыпсэу щIыпIэкIэ нобэ дызэбгрыдзами, адыгэм зы литературэбзэ димыIэнри Iэмалыншагъэщ - аращ дызэкъуэзыгъэувэжыр. Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, нэгъуэщI къэралхэм щыIэ зэлъэпкъэгъухэм ди бзэр иджыпсту зэдмышэлIэжмэ, кIуэ пэтми нэхъ зэпэжыжьэ дыхъунущ. «Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!» апхуэдэ къыхуеджэныгъэм щIэту илъэс 35-м щIигъуауэ республикищми ди лъэпкъ газетхэр илъэсым тхуэ къыдыдогъэкI дызэгъусэу дызэделэжьауэ. Мыбдеж къекIуэлIа псори дызэдэарэзыщ псалъэщIэхэмкIэ комиссэ дызэрыхуеймкIэ, ауэ абы и тхылъымпIэ Iуэхухэр зэфIэкIыху, щIыналъэм и унафэщIым деж нэсыху, жылагъуэ зэгухьэныгъэ къызэдгъэпэщыну, пIалъэкIэ дызэхыхьэурэ зэдзэкIыпхъэхэм дытепсэлъыхьыну фыкъыхузоджэ. Газетыр махуэ къэс къыщыдэкIкIэ, ди зы чэзу зэхыхьэгъуэм пэдмыгъэплъэфын Iуэху гуэрхэри къытлъыкъуэкIынущ, дауи. Апхуэдэхэм папщIэ интернетым гуп къыщызэдгъэпэщмэ, журналист, щIэныгъэлI зыбжанэ хэту, ди Iуэху дахынут, - къыхилъхьащ Жыласэм.

ЗэIущIэм хэтахэр абыкIэ арэзы хъуащ, икIи ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий къыхигъэщащ адыгэбзэм кърагъэтIасэ фIэщыгъэхэм щыхэплъэ комиссэ диIэн зэрыхуейр. Абы хэтынухэр яубзыхуа, зэгурыIуа нэужь, а Iуэхум теухуауэ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зыхуигъэзэну, комиссэр зэпхауэ щытыну министерствэм зыпищIэнымкIи дэлэл хъуну жиIащ щIэныгъэлIым. АпщIондэху, лэжьакIуэ гуп зэхашэнущ, абы и тхьэмадэ къалэныр зи пщэ дэлъынури Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор БищIо Борисщ. ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэм жаIар ятхыжу, ахэр ЩIДАА-м къыдигъэкI журналым къытрадзэну яубзыхуащ.

ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.

● Абы дегъэпIейтей

ДефIэкIуэну дыщогугъ

Адыгэ ныпым и махуэм ирихьэлIэу, лъэпкъым теухуа и гупсысэхэмкIэ къыддогуашэ КъБР-м и военкоматым и лэжьакIуэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и дэIэпыкъуэгъу ХЪЫЖЬРОКЪУЭ Азэмэт:

ЗИ лъэпкъыр фIыуэ зылъагъуж цIыхум езыр къызыхэкIами лей ирихынукъым, и зэран адрейхэми яригъэкIынукъым. Ауэ зи лъэпкъыр фIыуэ зымылъагъужым езым ейми и зэран йокI, хамэри гугъу ирегъэхь. Мыдрейуи, зи блэкIар, къызыхэкIар, зи хабзэр, бзэр, диныр зыщызыгъэгъупщэм, ахэр къызыфIэмыIуэхужым пщIэи нэмыси хуэмыфащэу къызолъытэ. Сыт щхьэкIэ жыфIэмэ, а псор IэщIыб зэрищIамкIэ абы къегъэлъагъуэ цIыхугъэшхуэ зэрыхэмылъри уи дзыхь ебгъэз зэрымыхъунури.

Си щхьэ и гугъу сщIымэ, сэ сыкъызыхэкIа лъэпкъыр фIыуэ солъагъу, ар фIы хуэзэну, ефIэкIуэну, ди бзэр, ди хабзэр, ди диныр, ди нэхъыжьхэм къытхуагъэна щIэинхэр тхъумэжыну сыхуейщ, абыхэм щхьэкIэ си псэри схуэтыну сыкъегъэгугъэ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэ лъэпкъыр тIэкIу дыщхьэрыуа хуэдэу щытщ. Ди адэшхуэ-анэшхуэхэм къытхуагъэна фIыгъуэхэр, ущие дахэхэр куэдым къафIэIуэхужыркъым. Мылъкумрэ къулыкъумрэ дихьэхахэр куэд хъуащ, нобэрей махуэрщ нэхъыбэр зэрыпсэур. Дэ дыщIэщхьэрыуа щхьэусыгъуэхэр куэд мэхъу, ауэ псом нэхърэ зи зэран нэхъ къыдэкIар зэрымыIыгъынымрэ зыхуэмысакъыжынымрэщ. Къулыкъу е мылъку зыбгъэдэлъхэм къагурыIуапхъэщ а мылъкур е къулыкъур уи лъэпкъыр ебгъэфIэкIуэным тебгъэлажьэмэ, уэри абы фейдэ нэхъыбэ зэрыхэпхынур. IуэхуфI блэжьахэр пщэдей уи щхьэми уи бынми зэраIэрыхьэжынур пщIэуэ, тхьэшынагъэ пхэлъу упсэун хуейщ.

ЩIалэгъуалэм ящыщ куэдым гъэсэныгъэм, хабзэм, нэмысым, адыгагъэм, адыгэбзэм гулъытэ хуащIыркъым, ахэр ящыгъупщэжа пэлъытэщ нобэрей IуэхукIэ. Аращи, зыкъэтщIэжу дыкъэщIэрэщIэжыным, зыдужьыжыным, ди лъэпкъыр къэтIэтыжыным зэгъусэу делIэлIэн хуейщ. Ар къыдэхъулIэн папщIэ, Iуэху зыбжанэ къытпэщылъщ.

Япэрауэ, щIалэгъуалэр зэрыщытыпхъэу гъэса хъун папщIэ, абыхэм щапхъэ зытрахын нэхъыжь я пащхьэ итын хуейщ, а къедбжэкIа лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр ядэплъагъуу. Апхуэдэхэр щамыгъуэтым деж, нэхъыжьыфIхэм къехъулIахэри ар къащIехъулIам и щхьэусыгъуэри къагурыIуэркъым къыдэкIуэтей щIэблэм.

ЕтIуанэрауэ, утыкум къихьэжын хуейхэм ящыщу къызолъытэ «емыкIу» жыхуэтIэ псалъэр. Нобэ куэдым мы псалъэм къикIыр къагурыIуэркъым икIи ящIэркъым, екIумрэ емыкIумрэ яхуэзэхэмыгъэкIыу къэнащ. А гупсысэр къэдгъэщIэрэщIэжрэ ди нэхъыжьхэм я бзэгупэм телъа «псэм и пэ - напэ» жыIэгъуэм и мыхьэнэр нэгъэсауэ зыхэтлъхьэмэ, дызэрефIэкIуэнум шэч хэлъкъым.

Щапхъэ зытепх хъунухэр ди тхыдэ дахэм, IуэрыIуатэм, анэдэлъхубзэм и хъугъуэфIыгъуэхэм хэзу хэтщ, къэтпщытэжын фIэкIа хуэмейуэ. ЛIэщIыгъуэ блэкIахэм дриплъэжмэ, узыдэплъеипхъэхэщ Хъыжьрокъуэ Уэрий, Къэзанокъуэ Жэбагъы, Дым Iэдэм, Къатхъэн Назир, Цагъуэ Нурий, Къалмыкъ Юрэ, къинэмыщIхэри. А цIыху гъуэзэджэхэм щытыкIэрэ цIыху хэтыкIэу яIар дрикъунущ дэ щапхъэу.

АдэкIэ си псалъэр адэ-анэхэм яхуэзгъэзэну сыхуейт. Фи бынхэм анэдэлъхубзэр яIурылъу, адыгагъэ яхэлъу, хабзэрэ нэмысрэ ябгъэдэлъу, ди адэшхуэ-анэшхуэхэм къытхуагъэна фIыгъуэхэр зэрахьэу къэвгъэхъу.

Адыгэ ныпым и махуэмкIэ сынывохъуэхъу! Алыхьым адыгэ лъэпкъыр дыкъихъумэ икIи дригъэфIакIуэ. Дызэкъуэтмэ - дылъэщщ!

Дунейм щыхъыбархэр

Хахуагъэ къагъэлъагъуэу

Урысейм и Президент Путин Владимир КНДР-м и Iэтащхьэ Ким Чен Ын фIыщIэ хуищIащ Корее Ищхъэрэм и зауэлIхэр Украинэм IэщэкIэ зэщIэуэзэда и къарухэр зэхэкъутэнымкIэ сэбэп къазэрыхуэхъуам папщIэ.

«ЗАХУАГЪЭР, зэныбжьэгъугъэр, зэакъылэгъуныгъэр ягъэнэхъапэри, ахэр къыткъуэуващ. Дэ ар зэхыдощIыкI икIи фIыщIэ - яхудощI КНДР-м и унафэщIхэми цIыхубэми. Урысей сэлэтхэм къакъуэту, езым я щIыналъэм хуэдэу, ди хэкур зыхъума Корее Ищхъэрэм и зауэлIхэм я лIыгъэм, Iуэхум зэрыхуэIэзэм, псэемыблэжу зэрыщытам пщIэшхуэ хуэфащэщ. ЩIыхь пылъу, хахуагъэ къагъэлъагъуэу абыхэм я къалэныр ягъэзэщIащ», - щыжеIэ Путин Владимир Кремлым и сайтым кърэлъхьа тхыгъэм.

Къэрал УнафэщIым къыхигъэщащ Урысеймрэ Корее Ищхъэрэмрэ я зэныбжьэгъугъэр «зауэ губгъуэм псыхьа зэрыщыхъуар» икIи я зэпыщIэныгъэхэм адэкIи лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызаужьынур.

«Урысей цIыхубэм зэи ящыгъупщэнукъым Корее Ищхъэрэм и зауэлIхэм я лIыгъэр. Урысейм, псоми ди зэхуэдэ щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи гъащIэр зыта лIыхъужьхэм я фэеплъым сыт щыгъуи дыхуэпэжынущ», - жиIащ УФ-м и Президентым.

Мэлыжьыхьым и 29, *гъубж*

♦**Къафэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Химие Iэщэ къызэрагъэсэбэпам и зэранкIэ дунейм ехыжахэм я фэеплъ махуэщ**

♦**Урысейм ягу къыщагъэкIыж МЧС-м и лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэр**

♦**1942 гъэм** Къардэн Къубатий Ленин орденыр етIуанэу кърataщ.

♦**1964 гъэм** ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэуващ «Лалуцэ» япэ балетыр.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 30, *бэрэжьей*

♦**Джазым и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и МафIэсгъэункIыфIхэм я махуэщ**

♦**1949 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дзу Руслан**.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **ЩоджэнцIыкIу Нинэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ IущыгъэL:

Псыр гъуэжми, жапIэр къонэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкiэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщI **Бежан Беслъэн Юрий** и къуэм хуогузавэ абы и адэ **Бежан Юрий Хьэсэн** и къуэр дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

«Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэр газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэ **ПхытIыкI Соня Хьэжмусэ** и пхъум хуогузавэ абы и дэлъхум и къуэ **ДыщэкI Вячеслав Леонид** и къуэр дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 ирокъу

Я псэугъуэу, я дахэгъуэу

Хэку зауэшхуэм имыгъэгуIа лъэпкъ, унагъуэ щIагъуэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Ауэ языныкъуэхэм ар ямылейуэ егуэуэпащ. Абыхэм ящыщщ ЛIэужь лъэпкъыр. И Iыхьлыхэм, и унэкъуэщхэм я Iуэху къызэрекIуэкIар къэхутэжыным зыкъом щIауэ и зэфIэкIыр хуеунэтI Болэтей (Терекскэ) къуажэм къыщыхъуа, Налшык щыпсэу ЛIэужь Хьэжмурат. 1976 гъэм абы къиухащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и физико-математикэ къудамэр. Ауэ IэщIагъэ хуэхъуар нэгъуэщI IэнатIэщ. Дубки хьэблэм дэт Полупроводник заводым ухуэныгъэм пыщIауэ иIэ цехым къызэрыгуэкI лэжьакIуэу щыщIидзэри, куэд мыщIэу мастер къалэныр и пщэ къыдалъхьащ. Ауэрэ прораф, цех унафэщIым и къуэдзэ, цехым и нэхъыжь хъуащ. Совет Союзым къутэжын гъунэгъу щыхъум, зыIут IэнатIэм и Iуэхури щекIакIуэм, фирмэ цIыкIу къызэригъэпэщри, ухуэныгъэ зыкъом иригъэкIуэкIащ, уеблэмэ ди гъунэгъу щIыналъэхэми щылэжьащ.

- Хьэжмурат, куэд щIа фи лъэпкъым щыщу Хэку зауэшхуэм хэтахэм я цIэр къыдэхыжыным иужь узэрихьэрэ?

- СызыIут IэнатIэр къэзгъанэу пенсэ сызэрыкIуэрэ а Iуэхур зызохуэ. Абы лъандэрэ илъэси 10 мэхъу. Ди адэм, Мэт, къыдалъхуауэ къуэшиплI иIащ: Мастин, Долэтджэрий, Джарихъан, Хъанджэрий, абыхэм нэмыщI зы шыпхъу - Таужан. Ди адэр бронкIэ къагъанэри, зэшиплIри дашащ фронтым. Щым: Мастин, Долэтджэрий, Хъанджэрий сымэ къагъэзэжакъым, хэкIуэдащ. НэхъыщIэ Хъанджэрий къелащ, ауэ ныкъуэдыкъуэу къэкIуэжащ, и Iэ лъэныкъуэр пымытыжу, и нэ лъэныкъуэр имысыжу. ЛIэужьхэ ди лъэпкъым хуэдэу хэщIыныгъэшхуэ зыгъуэта куэд щыIэу къыщIэкIынкъым. 1941 - 1942 илъэситIым къриубыдэу цIыху 43-рэ зауэм щыIати, цIыхуих къудейщ къэзыгъэзэжар, адрей 37-р хэкIуэдащ.

- ИкъукIэ гуауэшхуэщ. Я псэугъуэу, я щIалэгъуэу, я дахэгъуэу апхуэдиз цIыху пфIэкIуэдыныр насыпыншагъэщ. Хьэжмурат, уи адэ къуэшищым къагъэзэжакъым. Абыхэм нэмыщI фи жылэм щыщу, фи унэкъуэщу дапщэ фронтым Iутар?

- ЦIыхуих. Си адэ къуэшхэм нэмыщI, ЛIэужь Цу и къуэ Мухьэрбий - ар 1944 гъэм хэкIуэдащ, апхуэдэу ЛIэужь КIунитIэ и къуэ Сыхьэтджэрий хэтащ 115-нэ шуудзэм. Уеблэмэ я бэракъзехьэу зыкъомрэ щытащ, и зауэ гъуэгуанэр щиухащ Берлин.

Мэтрэ Хужьпагуэрэ

Къэрал дамыгъэ лъапIэхэр иIэу къигъэзэжа нэужь колхозым хыхьэри пенсэм кIуэхукIэ абы хэтащ.

- ЛIэужьхэ фи жылэ Болэтей и закъуэкъым зыдэсыр. Фи лъэпкъыр ин, цIыкIу?

- Къэбэрдейм исыр унагъуи 100-м дыноблагъэ. Нэхъыбэ дыдэ зыдэсыр Дей къуажэрщ. Абы нэмыщI Бахъсэн къалэми нэгъуэщI къуажэ зыщыплIми щопсэу. Ди Болэтейм унагъуищ къудейщ дэсыжыр. Ауэ Адыгейм унагъуэ 200-м щIигъу щыIэщ.

- Уи Iыхьлыуэ, уи унакъуэщу зауэжьым хэта псори сэтей къэщIыжыныр Iуэху цIыкIуфэкIутэкъым, дауи.

- Сэ увыIэгъуэ симыIэу иужь ситащ абы: военкоматхэм сыкIуэу, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм сытхэу. Иужьым хуабжьу дэIэпыкъуэгъуушхуэ къысхуэхъуащ Бахъсэн щыщ Нэхущ Ахьмэд. Ар налог инспекцэм къулыкъуушхуэ пэрыту щолажьэ. Абы гъуэгу захуэ сытригъэуващ - сыт хуэдэ щIыкIэкIэ къэслъыхъуэнуми, дэнэ сытхэнуми. ЛIэужьхэм тщыщу медалу 14-м щыхьэт техъуэ тхылъымпIэхэр къыдэхыжа хъуащ Ахьмэдрэ абы ипхъу Дианэрэ я фIыгъэкIэ. Тхьэм хущIигъэхьэ. Сигуми си псэми къыбгъэдэкIыу фIыщIэ ин яхузощI а щIалэми и хъыджэбзми, апхуэдэ лэжьыгъэ, псапэшхуэ зыпылъ Iуэху зэрызэфIагъэкIым папщIэ.

- ИпэкIэ къызэрыщыхэбгъэщащи, уи адэ къуэшиплIым ящыщу зыщ псэууэ къелар. Абы и Iуэху дауэ хъуа зауэ нэужьым?

- ЗэрыжысIащи, Хъанджэрий ныкъуэдыкъуэу къыдыхьэжащ жылэм. Щхьэгъусэ къишэри, зыпхъу зэдагъуэтауэ, къигъэщIа щымыIэу, илъэс 46-рэ и ныбжьу 1958 гъэм дунейм ехыжащ. Абы щыгъуэ и пхъур, Ритэ, илъэсиплIт зэрыхъур. Зы илъэс дэкIыу хъыджэбз цIыкIум и анэр дунейм щехыжым, ди адэм зришэлIэжри, дэ тщыщу фIэкIа дымыщIэу ди унагъуэм къыщыхъуащ, школыр къиухыу лэжьапIэ увыхункIэ. Иджыпсту ар Мэлгъэбэг дэсщ, унагъуэщ, бын хъарзынэ яIэщ.

ЛIэужь Джарихъан

- НэгъуэщI щIыналъэм, Мэлгъэбэг щхьэ Iэпхъуэн хуей хъуа?

- А къуажэр Къэбэрдейм щыщу щытащ нэхъапэм. Ингушым хагъэхьэжауэ аращ. Абы щыпсэу щхьэкIэ, унагъуэм я бзи, я хабзи IэщIыб ящIакъым. И щхьэгъусэр адыгэщ, и нысэри Къармэхьэблэ щыщщ. Зэрыунагъуэу адыгэбзэкIэ уэрсэрыжьу мэпсалъэ. Къалэм дыдэс щхьэкIэ, уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, си бынхэми абы къалъхужахэми я адыгэбзэри зыщIыпIи кIуакъым, ди бзэращ ди унагъуэм нэхъыбэу щызекIуэр.

- Хьэжмурат, зауэм зи псэр щызыта уи адэ къуэшхэм унагъуэ яIа, бын къащIэна?

- Нэхъыжьым, Мастин, щхьэгъусэ дэпсэурт щыдашам. Ауэ бын яIакъым. Ар хэкIуэда нэужь, и нысэр ди адэм нэгъуэщIым дигъэкIуэжащ. Шыпхъу ищIауэ, я унэ кIуэуэ, и псэукIэр, и дуней тетыкIэр зыхуэдэм щыгъуазэу щытащ ди адэр. Адрей тIур - Долэтджэрийрэ Джарийхъанрэ физкъэмышэу дэкIащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Мастинрэ Долэтджэрийрэ я сурэт къудеи къытхуэнакъым.

- БронкIэ къагъэна уи адэм и Iуэху дауэ хъуа, нэмыцэр ди щIыпIэм къыщысым?

- Ди адэр трактор тесу МТС-м щылажьэрт. Бийр ди щIыналъэм къыщыблагъэм, тракторхэр фашистхэм Iэрамыгъэхьэн щхьэкIэ ирахужьэри, зыщIыпIэ щагъэпщкIуну я мураду яхуу, нэмыцэр ялъэщIыхьэщ, яубыдри Iуэм ирадзащ. Гранатэхэр кIэщIадзэурэ къагъэуащ тракторхэр. Iуэм исхэр ягъэлажьэрт махуэкIэрэ: ерыскъы, IэщэфащэкъэрашэлIамэ, ирагъэунэщIу. Махуэ 20-кIэ апхуэдэу яIыгъащ гъэрхэр, дахэ-дахэу ямыгъаашхэу. Апхуэдэу здекIуэкIым, фашистхэм гъусэ яхуэхъуа адыгэ щIалэм зы махуэ гуэрым къажреIэ: «Пщэдей нэмыцэхэр щIэпхъуэжынущ. Фэ зыкъэмынэ а фызыщIэсым фыщIагъэсхьэну я мурадщ. Ныжэбэ фыщIэпхъуэж». Арати, жэщ зэрыхъуу зэгурыIуэщ, гупищу загуэшри, псори лъэныкъуэ зырызкIэ щIэпхъуащ. Япэ гупым хэтахэм къелар зы закъуэщ, адрей тIум щыщу нэхъыбэ яIэщIэкIащ. Нэмыцэр щIэпхъуэжа нэужь, ди трактор ныкъуэкъутэхэр зэрагъэпэщыжыну иужь иту, дыдейхэр къос, яубыдри аргуэрым Iуэм ирадзэ. Мазэм щIигъукIэ яIыгъащ, гъэру бийм зэрызрагъэубыдам щхьэкIэ ягъэкъуаншэу. Сыт ящIэнт-тIэ, абыхэми фоч къудей яIэщIэлъакъым, бийр пулемёткIи автоматкIи зэщIэузэдат. Сытми, зэман дэкIри къаутIыпщыжащ.

- Зауэм хэкIуэда уи адэ къуэшхэм, апхуэдиз цIыху зыфIэкIуэда ЛIэужь лъэпкъым хуэфащэт я цIэр фи жылэм щыщ зы уэрамым фIащыну.

- А Iуэхур иджыблагъэ зэфIэдгъэкIащ. Алыхьыр арэзы къыхухъу Болэтейм я унафэщI Хъаний Анатолэ. А щIалэм къыздиIыгъщ, иужь дихьэри, зэман кIэщIым къриубыдэу къуажэ уэрамхэм ящыщ зым «ЛIэужьхэ я уэрам» фIащащ. Куэд щIакъым унэ зыбжанэм ди унэцIэр зытет фэеплъ пхъэбгъухэр зэрыкIэрытIулIэрэ. А IуэхумкIэ щIэгъэкъуэн къытхуэхъуа, ди жылэм и Ветеранхэм я советымрэ ди къуажэ «Адыгэ хасэмрэ» я тхьэмадэ Темрокъуэ Толи фIыщIэ ин хузощI.

Епсэлъар
САУТ СулътIанщ.

Си нэгу щIэкIахэм щыщу зыри сщыгъупщакъым

Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Малкэ къуажэм къыщыхъуа, иужьым Налшык къалэ къэIэпхъуэжа КIэмыргуей Лизэ ящыщщ зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдахэм. Абы къыджиIэжахэм къахэтхыжащ щыгъуазэ фызыхуэтщIынур.

ЗАУЭР къэхъун ипэ, ди адэ Вэрокъуэ Хьэмид Лэкъумэн и къуэр Куба районым а зэманым ита джэдкъаз совхозым IэщIагъэлI нэхъыщхьэу ягъэкIуати, и унагъуэри здишат.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди къэралым къыщытеуам, ди адэри яхэту, совхозым цIыхухъуу тесар дэкIат. Ди адэр хатхащ Iэщэншэу танкхэм япэщIэува 115-нэ шуудзэм. И псэм ищIат гуIэгъуэшхуэ къызэрыхъунури, ди анэм уэсят къыхуищIыжат: «Хурэ, зауэм сокIуэри къэзмыгъэзэжмэ, жьы хъуа уи тхьэмадэмрэ быниплIымрэ уи анэмэтщ», - жиIэри...

... 1945 гъэм зауэр ди ТекIуэныгъэкIэ иухат, ауэ гъеишхуэхэр екIуэкIырт. Ди анэм быниплI, абы нэмыщI ди адэшхуэ тхьэмыщкIэри и гъусэт.

Ди анэм и дыщ къуажэм, Шордакъ, гъавэ нэхъ яIэти, быныр дызэщIикъуэри абы дишащ. А къуажэм щыIэ «IуащхьэмахуэкIэ» колхозым гуэдз бэв къахуэкIауэ Iухыжырт. ШордакъдэсхэмIжэщмахуэ ямыIэу, зэтезыуд IэмэпсымэкIэ (молотилкэкIэ) гуэдзыр яIуэрт.

Жанзилэ, и ныбжь нэмысами, балигъхэм хуэдэу лажьэрт. Гуэдз Iуахыжыр машинэхэм изу, нып плъыжьхэр якIэрыщIауэ, гъавэншэ хъуа къэралым хурагъашэрт, гъейм цIыхухэр кърагъэлыну.

Хьидышхуэт, нэщI икIыжахэу. Жанзилэ гуфIэжу къыдэлъэдэжщ, гъуэмылэ тIэкIу ищтэри дэкIыжащ.

Жанзилэ, зы цIыхубз и гъусэу, комбайнышхьэм щылажьэрт. Комбайныр къутэри, мо куэд щIауэ зи напIэ зэтезымылъхьахэр щхьэж къыщыщIидзам деж щыжеящ. Комбайныр ящIыжа нэужь псори къыщагъэушым, ищхьэ тетитIыр къащыгъупщащ. Гуэдз пхырхэр къытелъалъэу щыхуежьэм, Жанзилэ къэщтауэ бакъуэри пхырхэр зрадзэ ашыкым евэхащ. И гъусэр пIащIэу пхъуэри Жанзилэ и лъакъуэр гъущIыжьхэм къаIэщIитхъыжат, арщхьэкIэ...

Арати, лэжьакIуэхэр зэщIыгъуу, Жанзилэ гум кIыхьу илъу, и лъакъуэм лъыр къыпыжу илри къытелэлу, си анэ тхьэмыщкIэм къыхуашэжат...

Си анэ тхьэмыщкIэ,
Дауэ бгъэва а махуэр?
ГуфIэжу дэбгъэкIа
пхъу пажэр,
Лъыпсыр къежэхыу
къыпхуашэжати...

Зауэ нэужьти, дохутыри машини къуажэм щыбгъуэтынутэкъым. И лъакъуэм къыпыж лъым лъагъуэ ищIу, Псыхуабэ дэт «Красный крест» жыхуаIэ сымаджэщым гу зэщIэщIакIэ нагъэсащ.

Къеплъа нэужь, дохутырхэм жаIащ Жанзилэ лъы куэд зэрыщIэкIар, лъакъуэри памыхауэ зэрамыгъэхъужыфынур. Ди анэри Жанзили гъуэгырт, ящIэнур ямыщIэу. Илъэс 17 фIэкIа зи мыныбжь хъыджэбзыр и лъакъуэр иIыгъыу пыхьэрт. Сымаджэщым щыIэ псоми - дохутырхэми сымаджэхэми - ди анэмрэ Жанзилэрэ яфIэгуэныхьт.

Си анэ тхьэмыщкIэр а гуIэгъуэшхуэм здыхэтым нэщхъеягъуэ тхылъи къыIэрыхьащ, «хэкIуэдащ уи щхьэгъусэр Хэку зауэшхуэм», жиIэу иту. Ди анэм, ипхъу уIэгъэм зыкъримыгъащIэу, сымаджэщ къуэгъэнапIэхэм щэхуу щигъеижат зауэм IэщIиха и щхьэгъусэр, быным я адэр. Жанзилэ и лъакъуэм профессор, хирург Iэзэ куэд кърагъэплъат ди анэмрэ адэ къуэшымрэ, арщхьэкIэ зыми яхуэгъэхъужакъым...

ЦIыхухъу зыщхьэщымытыж унагъуэм хуабжьу щIэгъэкъуэн къытхуэхъуащ ди адэ къуэш Вэрокъуэ Хьэжид. Унэ къытхуищэхури, бынунэр Малкэ дыкъишэжащ. Ди анэр губзыгъэт, сыт ищIэнт, гуауэ псоми зыпигъэлъэщащ. Ибг щIикъузэри, и щхьэгъусэм и уэсятыр игъэзащIэу щIидзащ. Школым дыщIигъэтIысхьащ. И тхьэмадэр дунейм ехыжащ, щIилъхьэжащ.

Лъэужьыншэу кIуэдакъым ди анэм игъэва гуIэгъуэ куэдыр. Сымаджэрилэт, ауэ лъэрытетт, къыттегужьеикIати. И бынхэми ар къыдгурыIуэрти, школым дыкъикIыжа нэужь, гъавэ здыIуахыжам къытена кIэртIофыр, нартыхур къэтщыпурэ си дэлъху цIыкIумрэ сэрэ къэтхьырт. Пхырышхуэ тщIырти къэтлъэфырт гъэсынри.

Жэщым ди дерсхэр уэздыгъэ нэфкIэ, Iугъуэр къыпихуу, тщIыжырт. ФIыуэ деджэрт, школым къыщызэрагъэпэща гупжьейхэми дыхэтт. Зи сабиигъуэр зауэм хиубыдахэр щIэх балигъ дыхъуат, быдэ дащIат гуауэ куэдым. ДыцIыкIу пэтми, ди зэманыр зэпэлъытати, сытми зыкъыкIэрыдмыгъэхуу дыкIуэрт. Иджы къэхъу сабийхэм тхылъи къафIэIуэхукъым, лэжьыгъэми зыщадзей, сабий цIыкIу нэгъунэ телефон лъапIэхэм я нэр тенащ. Сыт хуэдэ акъыл абыхэм яIэнур? Ахэр гупсысэркъым, я щIэныгъэм зэрыхагъэхъуэн Iуэхуи зэрахуэрркъым. Акъыл зэтес уимыIэмэ, гъащIэми ухэзэгъэнукъым, IэнатIи уIузэгъэнукъым. Адэанэхэм зыкъэфщIэжу, фи цIыкIухэм телефонхэр къаIефхыжу, псэуныгъэм, лэжьыгъэм ахэр хуевмыгъасэмэ, фыпсэухукIэ фащхьэщыту фателэжьэн хуей хъунущ.

Дэ, зи сабий гъащIэр зауэм хиубыдахэр, дылэжьащ икIи ди щIэныгъэми хэдгъэхъуащ, еджапIэ нэхъыщхьэхэри къэдухащ. Тщыщ гуэрхэр щIэныгъэлI, мыдрейхэр колхоз, школ унафэщI хъуащ, дохутыр Iэзи къытхэкIащ, IэнатIэфIи дыпэрытащ, лэжьыгъи етхьэкIащ.

Си дэлъху Вэрокъуэ Алисэхь Хьэмид и къуэм еджапIэ нэхъыщхьэр къиухри, Къармэхьэблэ а лъэхъэнэм дэта курыт еджапIэ закъуэм унафэщIу ягъэкIуат. Сэри, библио-дерсхэр къэзуха нэужь, Сэрмакъ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм хэт тхылъ хъумапIэм и унафэщIым и къуэдзэу сагъэкIуат. Зи гугъу сщIа дерсхэм адыгэ тхакIуэхэр лекцэхэм къыщытхуеджати, иужькIэ IэнатIэ схуэхъуа тхылъ хъумапIэми зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр щезгъэкIуэкIырт.



Композитор Ахъмэт Щэлэуат сымэ къыддэIэпыкъурт, сэри абыхэм я концертхэм сыхэтт. Псом хуэмыдэу пьесэхэм роль гуэрхэр щызгъэзэщIэну сфIэфIт.

Малкэ школым и 7-нэ классым сыщIэсу, ди клубым зэпеуэшхуэ щекIуэкIырт, абы щыIэт къуажэ, район унафэщIхэр. Ди школым къыщыдгъэлъэгъуэн хуейт солдат уIэгъэм и анэ Къэнэху и ролыр. Сэ фызыжь бостей фIыцIэшхуэ сщыгът. Сценэм сыкъихьэн хуейуэ си цIэр щыжаIэм, Iупхъуэри зэIуахауэ сыщыбакъуэм, си кIэм сытеувэжри «баргуэ» жиIэу сценэм сыкъихуащ. Солдатым хуэсхь тепщэчыр сIэпыхуащ. ЗэщIэдыхьэшхат клубым щIэсхэр. Iупхъуэри зэхуащIат, итIани дыхьэшх макъыр увыIэртэкъым. Абы щхьэкIэ къэмынэу япэ увыпIэр къыдатауэ щытащ. Къуажэм сыкъыдэкIыху цIыхухэр КъэнэхукIэ къызэджащ. Си сабиигъуэм гуауэшхуэ слъэгъуат, куэд си нэгу щIэкIат, ауэ си щIалэгъуэм фIыкIэ зихъуэжат.

Сыщылажьэ библиотекэм лэжьыгъэшхуэ щезгъэкIуэкIырт. Тхылъ къыщызыщтэхэм дерс щхьэхуэхэр ядезгъэкIуэкIырт. Щылажьэхэм пшыхь гъэщIэгъуэнхэр щыдгъэлъагъуэрт. Щэнхабзэм и унэм къыщызэрагъэпэщ концерт-зэхыхьэ хуэдэхэми сыхэтт, Сэ абдежым щызгъэзэщIауэ щытащ «Сэрмакъ уэрэд», «Сыщылъыхъуэрт насыпым уэ уи деж» зыфIаща уэрэдхэр. Иужьрейр щатхар библиотекэм сыщыува 1955 гъэращ. Псалъэхэр Джэтэжьокъуэ Бари, макъамэр Ахъмэт Щэлэуат ейщ. Нобэр къыздэсми а уэрэдыр радиокIэ къату зэхыбох, цIыхухэми ягу ирохь, дунейм къытезыгъэхьам хащIыкI щымыIэми.

А лъэхъэнэм районым (Нагорнэ жыхуаIэм) и къуажащхьэру Сэрмакът. УнафэщIхэри тхылъеджэхэри си лэжьыгъэмкIэ къысхуэарэзыт. ЩоджэнцIыкIу Iэдэм «Софят и гъатхэ» и тхылъым теухуа зэIущIэ Щэнхабзэм и унэм щезгъэкIуэкIырт. Пшыхьым кърезгъэджат адыгэ тхакIуэхэу КIыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сымэ. КъэкIуат районым и унафэщIхэри къуажэдэсхэри, пшынауэхэр я гъусэу. Зэхыхьэр нэгузыужьу, купщIэ хэлъу екIуэкIащ. Район унафэщIхэри тхакIуэхэри чэзуууэрэ къэпсэлъащ. ЩоджэнцIыкIу Iэдэм тепсэлъыхьащ тхылъыр зэритха хъуам. Абы иужькIэ концертышхуэ екIуэкIащ. «Софят и гъатхэ» пьесэм къыхэтхыу дгъэува пьесэ цIыкIури дгъэлъэгъуащ, роль нэхъыщхьэр сэ щызгъэзащIэу. Псори арэзыуэ, я нэгу зиужьауэ зэбгрыкIыжат...

Сэ стхащ «Балъкъыжь бжьэпэ», «ГъащIэ гъуэгуанэ», «Си Малкэ», «Укъызолъыхъуэ си адэ», «Жьыгъэ», «Си анэм щхьэузыхь зыкъытхуищIат» зыфIэсща усэхэр.

Библиотекэм сыщылажьэу унагъуэ сихьа нэужь, колхозым и хьэпIацIэгъашхэ гупым илъэси 10-кIэ и унафэщIу сыщытащ, цIыху 50-м нэблагъэ згъэлажьэу. БыниплI диIэти, псори едгъэджащ, IэщIагъэ зырыз, лъапсэ яIэщ.

Апхуэдэу ди Iуэхухэр тэмэму екIуэкIыурэ, къэхъуар къыдгурымыIуэу къэралыр къутэжащ. Колхозым зэхуихьэса мылъкур зэрапхъуэжащ. Абы иужькIэ дэри ди Iуэхур нэхъ хьэлъэ хъуащ, псори къэралым дэлъэлъэжауэ жыпIэ хъунущ.

Ныбжьышхуэ къэзгъэщIащ сэ, ауэ зыри сщыгъупщакъым си нэгу щIэкIахэм щыщу.

Зыгъэхьэзырар
КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.

Игъэбеящ ди литературэр

Налшык дэт Театр щхъуантIэм къыщызэIуаха литературэ зэIущIапIэм щрагъэкIуэкI «Разговоры о жизни и литературном творчестве» Iуэхум хыхьэу фэеплъ пшыхь къыщызэрагъэпэщащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэта, КъБАССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм унафэщIу щыта, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, итIанэ и унафэщIу щыта, зэдзэкIакIуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакIуэ Теунэ Хьэчим (1912-1983) и гъащIэмрэ гуащIэмрэ. Зэхыхьэр къызэригъэпэщащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм.

ЗЭIУЩIЭР иригъэкIуэкIащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Тхьэгъэзит Юрэ. Зэхыхьэм зыкърагъэхьэлIат тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэм, литературэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм. Абыхэм ящыщт КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Беппаев МутIалип, радиожурналист, публицист, зэдзэкIакIуэ Мэремкъул Ларисэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ фондым и унафэщI ЩоджэнцIыкIу Леонид, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, литературэдж ХьэкIуащэ Мадинэ, Теунэ Хьэчим и къуэ, дохутыр-хирург Алий сымэ.

Теунэ Хьэчим и гъащIэмрэ гуащIэмрэ ягу къагъэкIыжащ зэхуэсахэм. Тэрч щIыналъэм хыхьэ Арыкъ къуажэм ар 1912 гъэм къыщалъхуащ. 1954 гъэм Къэбэрдей къэрал пединститутыр къиухащ. И щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературэ институтым. 1956 гъэм къиухащ СССР-м и ТхакIуэхэм и Литературэ курс нэхъыщхьэхэр.

Хьэчим и тхыгъэхэм щыгъуазэщ ди щIыналъэми нэгъуэщI щIыпIэхэми щыпсэухэр. ТхакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIахэм къыщигъэлъэгъуэжащ адыгэ лъэпкъым и псэукIэр, къыдекIуэкI хабзэхэр, щэнхабзэр, тхыдэр. 1941 гъэм къыдэкIащ «Аслъэн» зыфIища и повестыр. Абы къыкIэлъыкIуащ «Лъагъуэщlэ», «Дыщэплъ пщэдджыжь», «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр», «Псэм и IэфIыр къуатмэ» художественнэ тхыгъэ купщIафIэхэр. 1955 гъэм дунейм къытехьащ «Кабардинская литература и кабардинские писатели» и литературэ лэжьыгъэр. ТхакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ Нэгумэ Шорэ («Свет с севера»), ПащIэ Бэчмырзэ («Чудесный самородок»), ЩоджэнцIыкIу Алий («Путь поэта»), КIыщокъуэ Алим («Жизнь и поэзия»), нэгъуэщIхэми ятеухуа очеркхэр. Теунэм зэридзэкIа тхыгъэхэм ящыщщ Пушкин Александр и «Капитанская дочка», Гоголь Николай и «Женитьба», Крылов Иван и «Басни», Фадеев Александр и «Молодая гвардие», Островский Николай и «Как закалялась сталь» тхыгъэхэр, Горький Максим и Iуэтэжхэм ящыщхэр.

Теунэ Хьэчим адыгэ литературэр зэригъэбеяр къалъытащ икIи дамыгъэ лъапIэхэр хуагъэфэщащ. КъБАССР-м и цIыхубэ тхакIуэм зэрихьэрт «ЩIыхьым и дамыгъэ» (1946), «Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь» (1957, 1972), орденхэр, «Кавказыр щхьэхуит къэзыщIыжахэм зэрахэтам папщIэ» (1945), «За доблестный труд во время Великой Отечественной войны 1941-1945 гг.» (1945), «За доблестный труд» медалхэр. Теунэ Хьэчим фIыщIэ хуэфащэщ Сталиным и зэманым пцIы тралъхьэу лей зытрагъэхьа тхакIуэхэу Махъсидэ Залымхъанрэ Къуэжей Сосрыкъуэрэ зэрагъэзэхуэжамкIэ.

ХьэкIуащэ Мадинэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Теунэ Хьэчим лъэпкъ литературэм, журналистикэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIар, ар цIыху гуапэу, гъэсэныгъэ ин дэплъагъуу зэрыщытар. Апхуэдэу дыщIигъужащ Хьэчим сценаристу зэрыщытам куэд зэрыщымыгъуазэр, «Наша Кабарда», «Советская Кабарда» документальнэ фильмхэр абы и сценарийхэмкIэ зэрытрахар. Мадинэ и адэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор ХьэкIуащэ Андрей Хьэчим и Iэрытх къигъуэтыжахэр зэхуахьэсыжри, зэадэзэпхъум къыдагъэкIыжащ «Хачим Теунов. Тайны рыцаря литературы» тхылъ щхьэхуэр.

Мэремкъул Ларисэ жиIащ совет школым щеджа дэтхэнэри, ди ужь итахэри Теунэ Хьэчим и тхыгъэхэм фIыуэ зэрыщыгъуазэр, и «Аслъэн» повестыр, «Шэджэмокъуэ лъэпкъ» романыр и Iэдакъэ къыщIэкIа нэгъуэщI тхыгъэхэри куэдым ягу зэрыдыхьар, революцэм, зауэм, социализмэм, тхыдэм зэрытетхыхьар, тхакIуэр зыхэта «Весна - пора обновления», «Друзей моих прекрасные черты» нэтынхэр, тхакIуэр илъэс 60, илъэс 70 зэрырикъур щагъэлъэпIа пшыхьхэм теухуа нэтынхэр радиом и фондым и архивым къызэрыхэнар.

1983 гъэм дунейм ехыжа тхакIуэр ноби ящыгъупщэркъым, къыщIэна тхыгъэ купщIафIэхэр зэIэпах.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Иджы япэу ди хьэщIэщ Тэтэр театрым и артистхэр

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Драмэмрэ гушыIэмкIэ Тэтэр къэрал театр Тинчурин Карим и цIэр зезыхьэм и актёрхэр Налшык къалэм и хьэщIэщ, «Большие гастроли» урысейпсо Iуэхум хыхьэу. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым ди журналистхэр мэлыжьыхьым и 24-м щаIущIащ Тэтэрстаным къикIа артистхэм.

ПРЕСС-конференцым хэтащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ, УФ-м щIыхь зиIэ и актёр Шыбзыхъуэ Басир, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Хьэмырзэ Ахьмэд, Тэтэрстан Республикэм и цIыхубэ артисткэ Тухфатуллинэ Резедэ, Джалил Муса и цIэкIэ ягъэува саугъэтым и лауреат Пискунов Артём, Тэтэрстан Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ, Джалил Муса и цIэкIэ ягъэува саугъэтым и лауреат Саляховэ Резедэ.

Тхыдэ дахэ зиIэ, мы гъэм илъэс 91-рэ ирикъу Тэтэр театрым и репертуарым хэтщ жанр зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ спектакль нэхъыфIхэр, ныбжь зэмылIыужьыгъуэхэм итхэм яхуэгъэзауэ. Актёрхэм мы махуэхэм Налшык щагъэлъэгъуэнущ Тинчурин Карим и пьесэм къытращIыкIа «Угасшие звёзды» (режиссёрыр Гариповэ Резедэщ) макъамэ трагедиер. Ныбжьыщlэхэм яхуэгъэзауэ артистхэм къашащ Фархутдинов Щамил и «Волшебная арена» таурыхъыр (режиссёрыр Гатауллин Камилщ), Минуллин Туфан и «Студенческий договор. Наши дни» (режиссёрыр Гариповэ Резедэщ) макъамэ гушыIэр. Иужь дыдэу хьэщIэхэм Налшык щагъэлъэгъуэнущ Зайдуллин Ркаиль и пьесэм режиссёр Казакбаев Ильсур къытрищIыкIа «Ашин» драмэр. Лэжьыгъэхэр тэтэрыбзэщ зэрагъэлъэгъуэнур, урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ уедэIуэну Iэмал щыIэщ.

КъыжыIапхъэщ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей Къэрал драмэ театрым и артистхэр Тэтэр Республикэм гастроль иджыблагъэ къызэрикIыжар. ХьэщIэхэм къыхагъэщащ тэтэрхэм адыгэ спектаклхэр ягу зэрыдыхьам хуэдэу, ди щIыналъэм щыпсэухэми тэтэр спектаклхэр гъэщIэгъуэн ящыхъуну зэрыщыгугъыр.

- Ди щIыналъэм фыкъызэреблэгъар ди гуапэщ! Къэбэрдей театрым и артистхэм гукъинэж ящыхъуауэ тепсэлъыхьыжащ иджы дыдэ Тэтэрстаным щыщыIам хьэщIагъэ ин къазэрефхам. Ди зэкIэлъыкIуэныгъэр ди щIыналъэхэмрэ театрхэмрэ яку къыдэхъуэну зэныбжьэгъугъэ быдэм щIэдзапIэ хуэхъуну дыщогугъ! - жиIащ Шыбзыхъуэ Басир. - Щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ лъэпкъхэр зэхъуэжыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ар нэхъри дызэкъуэзыгъэувэщ икIи ди Iуэхухэр езыгъэфIакIуэщ.

ХьэщIэхэр къытеувыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ирашу Тэтэрстаным щагъэлъэгъуа литературэ, драмэ лэжьыгъэхэр щIэщыгъуэу зэращыхъуам, къафэмрэ уэрэдымрэ фIыуэ зылъагъу артистхэр гукIи псэкIи ягу зэрыдыхьам. Абы я гуапэу дыщIагъужащ бысимхэр уэрэдкIэ, макъамэрэ къафэкIэ, лъэпкъ шхыныгъуэхэмкIэ гуапэу зэраIущIар, ди щIыналъэм и дахагъэм, я гур зэрихьэхуар, дяпэкIи зэкIэлъыкIуэну зэрыщыгугъыр.

Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щратым, Тэтэрстан театрым и лIыкIуэхэм къыхагъэщащ я артистхэр цIыху 40-м зэрынэблагъэр. Дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэща артист Iэзэхэм щIалэгъуалэр куэду къазэрыщIэувэр, театрым езым оркестр зэриIэжыр, Тэтэрстаным щыпсэу лъэпкъхэм театрыр фIыуэ зэралъагъур, урысыбзэкIи лъэпкъыбзэкIи ягъэлъагъуэ я лэжьыгъэхэм цIыхушхуэ къызэрекIуалIэр жаIащ.

- Актёрхэм ди зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным япэ лъэбакъуэ зэрыхэтчар фIыщ. ЗэкIуэгъуэкIэ лэжьыгъэ куэд пхуэгъэлъэгъуэнукъым, ауэ кIэщI-кIэщIурэ дызэкIэлъыкIуэфмэ, дыщIэпсэу театреплъхэм ягу къызэрытхьэхунум дыхущIэкъунущ. Илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, Тэтэрстаным тшауэ щыта «Бгъэмрэ бгъэ анэмрэ» спектаклым тэтэр театреплъхэр гуапэу къазэрыIущIар дигу къинэжащ, - жиIащ Хьэмырзэ Ахьмэд. - Тэтэрстаным и театр гъащIэр зэманым зэрыдекIуур, абы зэрызевгъэужьыр нэрылъагъу тщыхъуащ.

Саляховэ Резедэ и псалъэм къыхигъэщащ «Угасшие звёзды» лэжьыгъэр лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэмрэ макъамэкIэ зэрыгъэнщIар, «Ашин» драмэм тхыдэр лъабжьэ зэрыхуэхъуар, анэдэлъхубзэр, лъэпкъ щэнхабзэр хъумэным ар зэрытелажьэр, спектаклхэр тэтэрыбзэкIэ гъэувыным гулъытэ ин зэрыхуащIыр.

Шыбзыхъуэ Басиррэ Хьэмырзэ Ахьмэдрэ хьэщIэхэм ехъуэхъуащ я лъэпкъ щэнхабзэр яхъумэжынымкIэ, зрагъэужынымкIэ ехъулIэныгъэ яIэну.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.

Жан, Iущ, IэпэIэсэ!

Илъэсипщ зи ныбжь пщащэ цIыкIум дунейр апхуэдизу фIэгъэщIэгъуэнщи, зигъэнщIыркъым щIэщыгъуэу къищIэхэмкIэ – куэдым дехьэх, зыхуегъасэ. Бзэхэр зэгъэщIэныр фIы дыдэу къохъулIэ. Адыгэбзэр едж зыхищIэу, уи псэр игъэтыншу. Анэдэлъхубзэм нэмыщI, нэгъуэщIыбзэхэри едж - инджылызыбзэм хуэуэрсэрщ, китаибзэкIи мэпсэлъэф. КъохъулIэ макъамэ гъуазджэри. Пианинэ дахэу йоуэ – абы онлайн дерсхэмкIэ зыхуигъэсащ. Иджыблагъэ щIидзауэ шыкIэпшынэ еуэным и щэхухэри къегъэIэрыхуэ.

Агатэ IэпэIэсэнми дехьэх - ар хуэIэзэщ цы зэрыхъэным. ХьэпIацIэщыгъэхэм хьэпшып цIыкIуфэкIу зэмылIэужьыгъуэхэр къыхещIыкI. Уеблэмэ, прунж, тхъуий хуэдэхэри къегъэсэбэп и IэрыкIхэм щелэжьым деж.

Абы и зэфIэкIхэр къыщынэркъым а псом. Школ зыщеджэм (Налшык школ интернат №1-м) я корреспондет цIыкIущ, журналистикэ IэщIагъэми дехьэх. Видеонэтын кIэщIхэр гъэщIэгъуэну зэхигъэувэурэ, ар я еджапIэм и интернет напэкIуэцIым кърагъэхьэуи щытащ.

Сурэт щIынымкIэ Агатэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехъулIэныгъэхэр къыщихьащ. Иджыблагъэ абы къыхуаIуэхуащ адыгэ фащэ зыщыгъ пщащэ цIыкIум и теплъэ ищIар Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкI зэпеуэм зэрыщагъэлъэгъуэнур.

Бзэр зэригъэщIэну хуей зы сабийми сыхущIокъу гурэ псэкIэ сыдэIэпыкъуну, абы и телъыджагъыр зыхезгъэщIэну. Апхуэдэ зы пщащэ Iущ цIыкIум нобэ и гугъу фхуэсщIынут.

2023 гъэм Дзыгъуанэ Агатэ къэкIуэн щIидзащ сэ адыгэбзэмкIэ щезгъаджэ «Адыгэ цIыкIу» сабий зегъэужьыпIэм. Абы махуэ къэс дызолъагъу Iущагъэр гъэсэныгъэ дахэрэ. «Еджам зэджар ещIэри, губзыгъэм псори ещIэ», зыхужаIэхэм ящыщщ ар.

Дзыгъуэнэ Агатэ цIыкIу и гупсысэр апхуэдизу гупсэхуу къызэрокIри, сабий къэухьым къитIасэр зэрыкуэдыр согъэщIагъуэ, сыщогуфIыкI, уеблэмэ сэ езыр абы куэдым сыхуегъасэ!

ТЭТЭР Iэминэ.

Iэмалищэрэ зырэ

Бажэр къапхъэным иубыдащ. Иубыдащи, мэгъынанэ:

- ЩакIуэр къэсынщи, си фэр триудынщ, сытыр си махуэ...

Гъынанэу здэщысым, Бажэжь гуэр къэрихьэлIащ.

- Умыгъ, си къуэш цIыкIу, - жиIащ абы. - Сэ Iэмалищэрэ зырэ сощIэ. Зы Iэмал бжесIэнщ. ЛIа нэпцI зыщIи, щакIуэм къапхъэным укъызэрыдихыу щIэпхъуэж.

Ар жиIэри Iэмалищэрэ зырэ зыщIэ бажэжьым лъэныкъуэ зригъэзыжащ. Модрейм лIа нэпцI зищIащ. ЩакIуэр къэсри, бажэр къапхъэным къыдихащ. Къапхъэныр аргуэру игъэувын хуейти, щакIуэр абы елIэлIэху, бажэ цIыкIур, бгъуэтмэ къащтэ, къыщылъэтри щIэпхъуэжащ.

Зыкъом дэкIащ. Iэмалищэрэ зырэ зыщIэ бажэжьри иубыдащ къапхъэным. Бажэ цIыкIур къэрохьэлIэ.

- СыбдэIэпыкъуауэ щытащ, - жеIэ бажэжьым. – КъыздэIэпыкъуж, бажэ цIыкIу. Сыт ищIэнт, бажэ цIыкIум - Iэмалыншэт.

- Зы Iэмал цIыкIуи сщIэркъым, армыхъу укъэзутIыпщыжынт, си къуэшыжь, - фIэгуэныхь хъуащ Бажэжьыр. - Уэ Iэмалищэрэ зырэ уощIэ. ЗымкIэ сэ сыкъебгъэлащ. Иджыри щэ къыпхуэнащ.

- Iэмалищэрэ зырэ сщIэуэ бжесIа щхьэкIэ, зы закъуэ мыгъуэт сщIэр. А зыри уэ бжесIэри щакIуэм къезгъэщIащ, афIэкIа къыпхуэгъэпцIэжынукъым, - жиIэри бажэ щхьэщытхъур къэгъащ.

Зытхыжар **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.**

ЦIырэ-цIырэхэр

ЦIырэ-цIырэхэм (стрекоза) шэдхэмрэ гуэлхэмрэ я Iэхэлъахэхэр хэщIапIэ ящIауэ щытащ иджыри илъэс мелуан 350-рэ япэкIэ. Гъудэ-бадзэр лIэужьыгъуэ минищу зэщхьэщокI, дунейм и сыт хуэдэ щIыпIи щопсэу.

ЦIырэ-цIырэхэм яхэтщ дамитI зытетхэри, дамиплI зиIэхэри. ТIу зиIэхэм я дамэр ныбэгум иракъузылIэ, щымылъатэм деж. Мыдрей лIэужьыгъуэхэм ейхэр зэтралъхьэу аращ. ДамитI зиIэ цIырэ-цIырэхэм я нэхэр зэжьэхэуэу зэбгъурытщ, адрейхэм я нэхэр зэкIэщIэхащ. Ижь-ижьыжым цIырэ-цIырэхэр къатехъукIауэ хуагъэфащэ меганисоптерхэмрэ протодонатхэмрэ. Ахэр палеозой эрэм щыгъуэ щыIауэ жаIэ.

ЦIырэ-цIырэхэм къагъэIу макъым абыхэм я дамэхэр холэжьыхь – щылъатэкIэ я дамэхэр зэщахъуэри, абы ирагъэщI макъыр хьэуам гъэщIэгъуэну хозэрыхь. Ахэр лъэтэным тыншу полъэщ, къэмыувыIэуи гъуэгуанэшхуэ зэпаупщIыфынущ. Уеблэмэ тенджызышхуэхэми щхьэщолъэтыкIыф. Ахэр щIыбагъкIи мэлъэтэф, напIэзыпIэм, я гъуэгур яхъуэжыф, къыщалъэтыхькIэ хъурейуэ зыщагъэджэрэзи къахуохуэ. Я дамэхэм къару ящIэлъщи, сыхьэтым къриубыдэу километр 36 – 54-рэ хуэдиз гъуэгуанэ зэпаупщIыф. ЦIырэ-цIырэхэм я шхыныгъуэщ бадзэхэр, хьэндырабгъуэхэр, гъудэхэр. Здэлъатэм, къэмыувыIэу я шхыныгъуэр япхъуатэу ирагъэлъэтэхыфынущ. ГъэщIэгъуэнщ: цIырэ-цIырэхэр зэщакIуэм и ужьым иувэу кIэлъыплъыркъым икIи кIэлъылъатэркъым, атIэ я гупэмкIэ къыпоуври, кIуапIэ иратыжыркъым. ИкIи блэIэбыкIыркъым – нэ зращар щаIэщIэкIыр зэзэмызэххэщ.

Европэм цIырэ-цIырэр гъудэ-бадзэ шынагъуэу, зэраныгъэхэр къихьу къыщалъытэ. Псалъэм папщIэ, Португалием абы щоджэ «нэкъичкIэ», Америкэ Ищхъэрэм «шейтIан банэкIэ». Ауэ Японием къыщалъытэ цIырэ-цIырэр къарумрэ лIыгъэмрэ я нэщэнэу.

И нэр линзэ куэдыкIейуэ - 24000-рэ хуэдизу - зэтопщIыкI. Градус 360-кIэ я хъуреягъым щыIэу хъуар къалъагъуф, я щIыбагъ дыдэм гъунэгъуу къыдэтым къыщынэмыщIа.

ЦIырэ-цIырэхэм я лъыр щIыIэщ. Я Iэпкълъэпкъыр езыхэм къагъэхуэбэжын хуей мэхъу Iэмалхэм хуекIуэурэ. Абыхэм яфIэфIщ дыгъэм зрагъэуну. Ауэ нэгъуэщI Iэмали яIэщ: я дамэхэр икъукIэ псынщIэу ягъэлажьэурэ мэвури, апхуэдэ щIыкIэкIэ загъэхуабэ.

А гъудэ-бадзэхэр гъэщIэгъуэнщ, укъэзыгъэуIэбжь куэд ядэплъагъуу. Ахэр зыджхэм (одонатологхэм) я бжыгъэм кIуэ пэтми щIыхэхъуэр арагъэнущ.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

Къэралыгъуэшхуэр ирагъэцIыху

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм тхылъ щеджэ и пэшым щекIуэкIащ «Открой для себя Китай» зыфIаща зэIущIэр. Абы ирагъэблэгъат Налшык къалэм и курыт еджапIэ №24-м и 8-нэ, 9-нэ классхэм щеджэхэр.

БИБЛИОТЕКЭМ и лэжьакIуэхэм зэхыхьэм къахуеблэгъахэм китаибзэкIэ фIэхъус ирахри, щхьэхуэу къытеувыIащ УФ-м и Президент Путин Владимиррэ Китай ЦIыхубэ Республикэм и УнафэщI Си Цзиньпинрэ, къэралитIыр щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ 2024-2025 гъэхэм зэрызэдэлэжьэнум теухуа унафэм нэгъабэ Iэ зэрыщIадзам, Урысеймрэ Китаймрэ я дипломатие зэпыщIэныгъэхэр илъэс 75-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ. Къыхагъэщащ Урысеймрэ Китаймрэ апхуэдэ зэгурыIуэныгъэ ебгъуанэу зэрызэращIылIар. А Iуэхум хыхьэу фестивалхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, концертхэр жыпIэми, зэхыхьэ щитIым щIигъу къэралитIым щрагъэкIуэкIыну яубзыхуащ.

НыбжьыщIэхэр щагъэгъуэзащ Китай къэралыгъуэм и тхыдэм, щэнхабзэм, хабзэхэм, щызекIуэ динхэм, щIэныгъэм, гъуазджэм, псэукIэм, тхыдэ щIыпIэхэм, архитектурэм, лъэпкъ дамыгъэхэм, ныпым, махуэшхуэхэм, шхыныгъуэхэм, нэгъуэщIхэми. ЭкранымкIэ къагъэлъэгъуащ зэхыхьэм зи гугъу щащIхэр, а къэралым и щIыпIэ цIэрыIуэхэу зыплъыхьакIуэхэр куэду здэкIуэхэр. Апхуэдэхэм ящыщщ ЮНЕСКО-м дунейпсо хъугъуэфIыгъуэу къилъыта, километр мини 9 зи кIыхьагъ, метрибл зи лъагагъ Китай блыныр, ятIэм къыхэщIыкIа сэлэт 8100-рэ щахъумэ Сиань къалэр, императорым и унэ ГугункIэ зэджэр, Сиху гуэлыр, «ЩIым и гъунэ» паркыр, бгы уардэхэр, пасэрей уардэунэхэр, нэгъуэщIхэри. КърихьэлIахэр ирагъэдэIуащ китай лъэпкъ макъамэхэм.

ПэIущIэ пэшым щагъэуват «Культура на языке дружбы. Великие культуры Китая и России» зытетха тхылъ дапхъэр. Китаибзэр зэрыбджынум, а къэрал гъэщIэгъуэным и тхыдэм, географием теухуа тхылъхэр, художественнэ тхыгъэхэр, лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэр куэду хагъэхьат абы. А псом дыщIагъужат къэралитIым я цIыху IэпщIэлъапщIэхэм ящIа хьэпшыпхэм щыщхэр.

ЗэIущIэм зи гугъу щащIахэм теухуа викторинэ еджакIуэхэм драгъэкIуэкIат, ар ныбжьыщIэхэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ.

Мыпхуэдэ зэхыхьэхэр щхьэпэщ къэралитIым я щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэнымкIэ. Китайм и IэщIагъэлIхэм къагупсысахэм ящыщу дуней псом щыпсэухэм къагъэсэбэп хьэпшыпхэри (парашют, мафIэдз, тхылъымпIэ, компас, жьауэ, бгым едза лъэмыж, нэгъуэщIхэри) ныбжьыщIэхэм гъэщIэгъуэн ящыхъуащ. Зэхыхьэм хэтахэр ирагъэплъащ китайхэм я лъэпкъ IэфIыкIэхэр зыхуэдэм. КъищынэмыщIауэ, дэтхэнэми тыгъэ хуащIащ китаибзэкIэ хъуэхъу зытет конверт плъыжьхэр. А къэралым я хабзэщ махуэшхуэхэм апхуэдэ конвертхэр зэIэпахыу.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Футбол

Джэгум иужь дакъикъэхэм

«Сочи-2» (Сочэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) – 1:0 (0:0). Сочэ. «Сочи» ФК-м и академием и стадион. Мэлыжьыхьым и 26-м. ЦIыхуи 105-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Суханов (Новосиньковэ), Волков (Москва), Соколов (Ставрополь).

«Сочи-2»: Завьялов, Кошман, Слепов, Платонов, Прокопьев (Дысь, 68), Мециев (Носатый, 68), Янгаев, Аносов, Шилов (Шарипов, 59), Тоцкий (Филимонов, 59), Рубанов (Балъкъыз, 84).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Хизриев, Къардэн, Чичбэ, Гъуэгузокъуэ, КIэдыкIуей, Блий, Далиев (Мызэуш, 86), Хьэшыр (Шэрджэс, 79), Лысенкэ (Ллуп, 61), Мусаев.

Топыр дигъэкIащ: Рубановым, 80 (1:0).

Дагъуэ къыхуащIащ: Носатый.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Ялэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ щэбэт кIуам Сочэ къалэм хэгъэрейхэм къыщрагъэблэгъат «Спартак-Налшыкыр». Зэпеуэм щыпашэхэм ящыщ зым джэгур ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэмкIэ иригъэжьащ. Ди щIалэхэр абы хуэхьэзырт икIи ахэр къызэпаудурэ, хуэфэщэн жэуап иратыжыфырт. Апхуэдэу щыт пэтми, бжыгъэр къызэIуамыхауэ япэ Iыхьэр зэфIэкIащ.

Загъэпсэху къихьэжа иужькIэ налшыкдэсхэр хэпщIыкIыу нэхъ жыджэращ. АрщхьэкIэ, топыр «Сочи-2»-м и гъуэм дагъэкIыфакъым. Джэгум къэрикIуэнур щызэхэкIар абы иужь дакъикъэхэращ. Захуэмэж защIэкIэ я Iуэхур зэрыдэмыкIынур къызыгурыIуа хэгъэрейхэр ипэкIэ кIуэтащ икIи гупым и капитан Рубанов Денис сочэдэсхэм текIуэныгъэр къахуэзыхьа топ закъуэр дахэ дыдэу дигъэкIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэр хущIэкъуащ зы очко нэхъ мыхъуми кърагъэлыну. Ди жагъуэ зэрыхъущи, «Сочи-2»-м апхуэдэ Iэмал къаритакъым.

Зэхьэзэхуэм щыпашэхэм я зэIущIэ хьэлэмэт Ставрополь щекIуэкIащ. Шакъ Ашэмэз зи тренер нэхъыщхьэ хэгъэрейхэм къргъэблэгъат зэпеуэм бжьыпэр щызыубыда «Кубань-Холдинг»-р. ХьэщIэхэр бжыгъэшхуэкIэ абы зэрыщытекIуар и щыхьэтщ Павловскэм и командэр зэрымыщIэкIэ япэ увыпIэм къызэрыщымыхутам икIи мурад быдэхэр зэриIэм. А псор ягъэунэхуну мыгувэу къапэщылъщ ди щIалэхэми.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым вэсэмахуэ щекIуэкIа зэIущIэ псоми къарикIуа бжыгъэхэм: «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) – «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - **0**:**3**, «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) – **0**:**1**, «**Победа**» (Хасавюрт) – «**Рубин**» (Ялтэ) - **3**:**2**, «**Нарт**» (Черкесск) – «**Астрахань**» (Астрахань) - **1**:**1**, «**Севастополь**» (Севастополь) - «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - **0**:**0**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) – «**Ангушт**» (Нэзрэн) – **2**:**0**.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэри «Спартак-Налшыкым» хамэ щIыпIэм щригъэкIуэкIынущ. Накъыгъэм и 3-м Павловскэ къутырым ар щыдэджэгунущ зэхьэзэхуэм щыпашэ «Кубань-Холдинг»-м.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Кубань Холдинг»**	**7**	**4**	**3**	**0**	**14-6**	**15**
2.	**«Ростов-2»**	**7**	**4**	**2**	**1**	**12-5**	**14**
3.	**«Сочи-2»**	**7**	**4**	**2**	**1**	**12-7**	**14**
4.	**«Победа»**	**7**	**4**	**1**	**2**	**10-9**	**13**
5.	**«Севастополь»**	**7**	**3**	**3**	**1**	**13-12**	**12**
6.	**«Легион»**	7	3	2	2	9-7	11
7.	«Рубин»	7	3	2	2	8-6	11
8.	«Динамо Ставрополь»	7	3	2	2	11-11	11
9.	**«Спартак-Налшык»**	**7**	**2**	**2**	**3**	**9-9**	**8**
10.	«Дружба»	7	2	1	4	12-12	7
11.	«Нарт»	7	1	4	2	5-8	7
12.	«Астрахань»	7	1	3	3	12-10	6
13.	«Ангушт»	7	1	1	5	4-10	4
14.	«Динамо-2»	7	0	0	7	1-20	0

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **3**. АдакъэкIэу къэгъэша, къазшырыдзэу дэбзыкIа. **5**. ЩIым и IэфIыр къыщIэзыш, шэм и хужьыр къызэрыж, жылэр зыгъэунэ, быныр зыгъэтхъэж. **7**. Дунейр зыгъэнэху, псэр зыгъэхуабэ. **9**. Зи пкъыр щIым щIэлъу зи щхьэцыр дунейм телъ. **10**. Бжьыхьэм ягъэтIылъыу гулъ къыщищIым къащтэж. **11**. Дыжьын щIыIуу зэролъэлъ, къилъэлъахэм дагъэгуфIэ. **12**. Гъатхэ нагъыщэ, псэущхьэфI нэщэнэ. **13**. Къандзэгу бгъэбатэмэ, бэтэжауэ къыщIоху.

Къехыу: **1**. НэкIущхьэплъ плъыжьыбзэ, зэзым хэплъхьэми узыс. **2**. Ямыгъашхэу пшэр хъуа. **4**. Мазэм хуэдэу хъуреябзэщ, бзэгуу иIэр дагъэ защIэщ, щIым къыхэпщмэ, дыгъэм хуоплъэ. **6**. Зи тхьэкIумэр дзасэ, зи пэр сыринэ, зи нэр вагъуэ, пкIэ-лъэуэ къэзэзыжьыхь. **8**. ХьэщIапIэ бзу, бзуужь кIапэху. **9**. Езыр гъущI защIэщ, щIым хэтIащ, щIыр етхъу, етI, гъуджэм хуэдэуи мэлыд.



Жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **3**. Гъубжэ. **5**. Нартыху. **7**. Дыгъэ. **9**. Пхъы. **10**. ХьэмфIанэ. **11**. Гуэдзэ. **12**. Щынэ. **13**. КIэртIоф.

Къехыу: **1**. Шыбжий. **2**. Хьэуан. **4**. Сэхуран. **6**. ТхьэкIумэкIыхь. **8**. КIыгуугу. **9**. ПхъэIэщэ.

Зыгъэхьэзырар **БИЦУ Жаннэщ.**

● Къалъыхъуэ

ЛъэIукIэ зыфхудогъазэ

Москва щылажьэ хьэрычэтыщIэ Къурмэнай Руслан Валерэ и къуэр, 1979 гъэм къалъхуар, къалъыхъуэ. 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 7 лъандэрэ ар здэщыIэр ящIэркъым.

И теплъэр: см 168-рэ и лъагагъщ, зыIэщIэлъщ, нэ фIыцIэщхьэц фIыцIэщ.

Щыгъын фIыцIэкIэ хуэпащ - пыIэ зыфIэт спорт курткэ, цыджанэ, джинс щыгъщ, кроссовкэ фIыцIэ лъыгъщ.

Руслан здэщыIэм щыгъуазэм е ар зылъэгъуам хъыбар дывгъэщIэну дыныволъэIу мы телефонымкIэ: 8 (800) 700-54-52 е 112.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.442
Заказыр №924
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Елмэс ФатIимэ** *(2, 4-нэ нап.).*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.